Ózbekstan Respublikası joqarı hám orta arnawlı bilimlendırıw ministrligi
Ájiniyaz atındağı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı

Mektepke shekemgi tálim kafedrası
Mektepke shekemgi tálim bağdarınıń 3 kurs talabası

***Adilbekova Manzura Usenbek qızınıń***

# PİTKERİW QÁNİGELİK JUMISI

Tema: ***Balanıń mektep turmısına jámiyetlesiwine tásir etiwshi faktorlardı úyreniw usılları***

| | |
|---|---|
| Talaba: | Adilbekova M. |
| Ílimiy basshı: | doc. Q.D.Tleumbetova |
| Kafedra baslığı: | doc. G.X.Jumasheva |

Kafedra majilisiniń 2021jıl __ _____ sánesindegi №___protokolı menen qorǵawǵa ruxsat berildi

NÓKİS - 2021 jıl

**Qorǵawǵa ruxsat etildi:**

Fakul`tet dekani: doc. M.Allambergenova

Kafedra baslıǵı: doc. Q.Tleumbetova

Ilimiy basshı: doc.G.Jumasheva

Pitiriwshi Adilbekova Manzura Usenbek qızınıń «Balanıń mektep turmısına jámiyetlesiwine tásir etiwshi faktorlardı úyreniw usılları» temasındaǵı pitkeriw qánigelik jumısı kórip shıǵıldı, mámleketlik attestaciya komissiyasınıń

**Qararı:**

Pitiriwshi Adilbekova Manzura Usenbek qızınıń «Balanıń mektep turmısına jámiyetlesiwine tásir etiwshi faktorlardı úyreniw usılları» temasındaǵı pitkeriw qánigelik jumısına «_____» ball qoyilsin.

MAK baslıǵı: ______________________

MAK aǵzalari:

______________________

______________________

______________________

______________________

Mazmunı


| | | |
|---|---|---|
| | Kirisiw……………………………………………………….. | 3 |
| I Bap | Mektepke shekemgi jastaģi balalardı mektepke tayarlaw ózgeshelikleri hám olardıń jeke rawajlanıw sıpatlamaları……… | 9 |
| I.1 | Mektepke shekemgi dáwirdegi balalardıń mektep turmısına jámiyetlesiw mashqalalarınıń alımlar tárepinen úyreniliwi ……. | 9 |
| I.2 | Balanıń mektep turmısına beyimlesiw mashqalası ................... | 20 |
| I.3 | Mektepke shekemgi tárbiya jası dáwirinde oqıw iskerliģi.......... | 26 |
| | Bap boyınsha juwmaq | 30 |
| II.Bap | Mektepke shekegi jastaģi balalardıń mektep turmısına jámiyetlesiw mashqalaların úyreniw faktorları.......................... | 32 |
| II.1 | Mektepke shekemgi jastaģi balalardıń mektep turmısına jámiyetlesiwiniń social-psixologiyalıq faktorları........................ | 32 |
| II.2 | Mektepke shekemgi jastaģi balalardıń` mektep turmısına jámiyetlesiwin  rawajlandırıw metodikası……..……………... | 43 |
| II.3 | Mektepke shekemgi jastaģi balalardın mektep turmısına jámiyetlesiwinde shanaraqtıń roli ……………………………... | 51 |
| | Bap boyınsha juwmaq | 57 |
| | Juwmaqlaw………………………………………………… | 59 |
| | Paydalanģan ádebiyatlar…………………………….……. | 61 |

# K i r i s i w

***Temanıń aktuallılıǵı:*** Mektepke shekemgi tálim ùzliksiz tálimniń birinshi basqıshı bolıp, mektepke shekemgi jstaǵi balalardı hár tárepleme rawajlandirip, olardı mektepke bilim alıwǵa tayarlawdan ibarat. Mektepke shekemgi jastaǵi balalarǵa tárbiya beriwdıń basli maqseti, bul hár bir insandi hár tárepleme aqiliy jaqtan rawajlanǵan etip tárbiyalaw. Al, hár tárepleme rawajlanǵan insan degende, deni saw, kùshli, ǵayratli, óz ana Watanin sùyiwshi mehriban, ùlkenlerdi siylap, kishkenelerge ǵamxorlıq jasawshi aqillılıq penen is tutiwshi adamlardı tùsinemiz.

Ózbekstan Respublikası Prezidenti Sh.Mirziyoevtıń 2017 jılı 9-sentyabr`degi «Mektepke shekemgi bilimlendırıw sistemasın tùp tiykarınan jetilistiriw ilájları haqqında»ǵı PQ-3261-sanlı qararı biziń sociallıq ómirimizdi dáwir talabına say jańa basqıshqa kóterdi. Sebebi biziń jarqın keleshegimizdi dawam ettiriwshi jas nárestelerimizdıń tárbiyası hám olardı mektepke tayarlaw bùgingi kùnimizdıń eń baslı wazıypası hám keleshegimizdıń tiykarı boları anıq.

Hùrmetli Prezidentimizdin bul qararı mektepke shekemgi tárbiya hám bilimlendırıw sistemasın tez pát penen zaman talabına say jetilistiriw, jedel rawajlandırıw olardıń materiallıq texnikalıq bazasın bekkemlew hám bunday tárbiya mákemeleriniń tarmaqların keńeytiw, olardı tereń bilim hám kónlikpege iye jetik mamanlıqtaǵı pedagog hám tárbiyashılar menen támiynlew, mektepke shekemgi jastaǵı balalardı mektepke tayarlaw baǵdarında tùpkilikli jańa dáwir kóz-qarasınan jantasıp, olardıń tálim-tárbiyalıq jumıslarınıń jańa dáwir hám milliy qádriyatlarımızdıń eń joqarı sıpattaǵı qaǵıydaların qamtıytuǵın baǵdarlamaların, texnologiyaların islep shıǵıw hám jumıs processine engiziw, sonday-aq usı islerdi ámelge asırıw ushın bul mektepke shekemgi bilimlendırıw mákemeleriniń sanın kóbeytiw, jańa binalar menen támiynlew, barlıq sharayatlardı jaratıw wazıypaları qolǵa alındı. Bul qarar tiykarında 2017-2021 jıllarǵa mólsherlengen jumıs baǵdarlaması qabıl etildi hám onıń is-ilájları baslap jiberildi.

Buǵan qosimsha Prezidentimizdıń baslaması menen qolǵa alınǵan mine usınday mámleketlik siyasat dárejesindegi sawaplı istiń orınlanıwıń dawamı sıpatında biziń pedagogikalıq institutımızda da Mektepke shekemgi bilimlendırıw

tálim baǵdarı boyınsha qánigelerdi tayarlaw jumısları dáwirimiz talabına say qolǵa alındı.

Mektepke shekemgi jastaǵi balalar hár bir nárseni biliwge qiziǵiwshań bolıp keledi, hár qanday islerge jedelli kirisedi. Zatlardı salistiradi, buniń nátiyjesinde olar kóp zatlardıń qásiyetlerin, ózgesheliklerin bilip aladı.

Balalarda mánisin tùsinip oylawdıń dáslepki belgileri kórine baslaydı. Oylaw hám sóylew ekewi baylanıslı rawajlanadı. Ózin qorshap turǵan ortalıqtı baqlaw menen olardıń barliǵin bilip alıwǵa háreket etedi, ózinshe tùsiniwge hám ózinshe tùsindırıwge umtiladı.

Turmis hám miynet tájiriybesi, tárbiya tásiri menen mektepke shekemgi jastaǵi balalarda ádep-ikramlılıq, eleslew, sezim, ápiwayi minez-qulıq ólshemleri qáliplese baslaydı. Ata-analar sóz arqalı balalarda ádep-ikramlılıq qásiyetlerdi qáliplestiriwge jedelli kirisedi. Bala olardı esitedi, tákirarlaydı, hátte óz quwirshaqların sonday etip «tárbiyalawǵa» umtiladı. Balanıń turmısın, miynetin hám adamlar menen qarim-qatnasın ádep-ikramlılıq tárbiya kóz-qarasın sistemalı durıs, sheber hám maqsetli ráwishte shólkemlestiriw zárùr.

Hár tárepleme rawajlanǵan adamlardı tárbiyalaw bul eń dáslepki tálim-tárbiya basqıshı bolǵan balalar baqshasınan baslanadı. Sol ushın da mektepke shekemgi tárbiya mákemeleri jámiyetimizdıń rawajlanıwına tásirin tiygiziwshi eń áhmiyetli dereklerdıń biri bolıp esaplanadı.

Sebebi, bala usi jasında dùńyani mazmunli tanisip hám qorshap turǵan ortalıqqa kóz-qarası durıs tùsinikler menen tolisip bayip tursa, balanıń sanasında keleshek ushın kùlkili bolǵan, jaqsi, unamlı nárseler qáliplesip, jetilisip baradı.

Balalardıń hár tárepleme ósip úlkeyiwi ushın tálim tárbiyanıń tásirli bolıwı, jańa pedagogikalıq texnologiyadan paydalanıw, metod hám usıllardı oqıw hám tárbiya processine keń túrde engiziw oǵada áhmiyetli.

Usıǵan baylanıslı, mektep hám balalar baqshalarında oqıw hám tálim-tárbiya beriwdıń jańa baǵdarlamaları, mámleketlik talapları, mektepke shekemgi jastaǵı balalardıń tálim-táribyası koncepciyası islenip shıgeıldı hám onı búgingi kúnde oqıw processinde keń túrde qollanılıp atır.

Mektepke shekemgi bilimlendırıw shólkemlerinde tálim-tárbiya islerin talap dárejesinde shólkemlestiriw házirgi dáwirdıń eń áhmiyetli wazıypasınıń biri. Bul wazıypa lardı orınlaw ushın kóp ǵana ilajlar islenip atır. Keleshekte jas áwladtı jetilisken insan sıpatında qásiplestiriw, olardı mektepte tálim alıwǵa tayarlaw, balalardıń jámiyette óz orın tabıw ushın balalar baqshasınan baslap-aq olardıń turmısın durıs shólkemlestiriw ùlken áhmiyetke iye.

Sonlıqtan da Mektepke shekemgi bilimlendırıw shólkemlerinde tálim-tárbiya jumıslarıń tómendegishe shólkemlestiriw maqsetke muwapıq boladı:

A) Balalar baqshasında tárbiyashı zaman talapları tiykarında tárbiya jumıslarıń alıp barıwı zárùr;

B) Balalar baqshasında tárbiyashılar birinshi gezekte ata-analar menen tárbiyalıq jumıslardı shólkemlestiriwi zárùr;

V) Ata-analardı óz balasınıń baqshasındaǵı turmısı qalay hám nelerdi ùyrenip atırǵanlıǵına qızıǵıwshılıǵın oyatıw zárùr;

G) Hár bir ótkeriletuǵın tárbiyalıq jumıslar, sabaqlar balalardıń jasına hám psixologiyalıq jaqtan rawajlanıwına tiykarlanıp ótkeriw zárùrligin kórsetedi;

D) Tárbiyalıq jumıslardı shólkemlestiriwde jańa usıllar hám metodlar menen bayıtıw hám sabaq procesine kirgiziw zárùrligin kórsetedi;

E) Tárbiyashınıń óz ùstinde islewi, jańa talaplar menen tiykarlanıp tálim-tárbiya jumıslarıń shólkemlestiriwdi shańaraq, maxalle hám baqsha menen baylanıstırıwdıń jańa mazmunlarıń dóretiw zárùr ekenligin kórsetedi.

Mektepke shekemgi bilimlendırıw shólkemlerinde sabaq ótiw procesinde bilim hám tárbiya beriw didaktika principleri tiykarında balalardıń jas hám ózine tán ózgesheliklerine qaray belgili izbe-izlikte alıp barıladı, mazmunın áste-aqırın quramalastırılıp baradı. Nátiyjede tárbiyalawshı hám rawajlandırıwshı qásiyetke iye boladı.

Tárbiyashı-pedagog bunday tálim-tárbiya jumıslarıń durıs shólkemlestirip hám balalar menen durıs pedagogikalıq qarım-qatnasta bolsa, balalarda pikir

alısıw, óz bilgenlerin erkin bayan etiw sezimleri tez rawajlanıp, psixologiyalıq jaqtan tolıq ózin basqarıw mùmkinshiligine iye boladı.

Haqıyqatıńda da, búgingi kúnniń eń baslı wazıypa larınıń biri jaslardı hár tárepleme, óz eliniń sadıq hám bilimli insanı etip tárbiyalaw máselesi bolıp tabıladı. Ásirese, bunday wazıypa lardı ámelge asırıw, bilim hám tárbiya beriwdıń tiykarǵı fundamenti bolǵan mektepke shekemgi jas dáwirindegi balalardı tárbiyalawshı pedagoglar, psixologlar hám tárbiyashılardıń eń tiykarǵı xızmeti bolıp esaplanadı. Demek, mektepke shekemgi jastagı balalardıń hár tárepleme bilim hám tárbiya alıwında, balalardıń bilim dárejesin hár tárepleme jetilistiriwde metodikalıq oyınlardıń áhmiyeti oǵada ullı.

Hár tárepleme rawajlanǵan insandı tárbiyalaw xalıq pedagogikasınıń bay tájriybeleriniń, sonday-aq tálim-tárbiyanıń jańa forma hám usılların házirgi zaman pedagogika iliminiń jetiskenliklerin engiziw, bular arqalı balalarda qızıǵıwshılıq oyatıw, óz betinshe dóretiwshilik miynetke, ádep-ikramlılıqqa tárbiyalaw jáne de olardı hár tárepleme rawajlandırıw biziń baslı maqsetimiz.

Demek, tárbiyashınıń baqshada balalar menen jaqınnan qarım-qatnasta bolıp, tárbiya jumısların jáne de bekkemlew, tárbiyanıń jańasha usılların, formaların, metodların engiziw arqalı hám de ata-analar menen birgelikte tálim-tárbiya jumısların alıp barılsa aldıǵa qoyılǵan maqsetlerge erisiwde jaqsı nátiyjelerge erisemiz.

Mektepke shekkemgi bilimlendırıw shólkemlerinde pedagogikalıq process belgilengen nızam hám qaǵıydalar tiykarında shólkemlestiriledi. Mektepke shekemgi mekeme mámleketlik yamasa belgili bir mekemege qaraslı bolıwına qaramastan bilimlendırıw, den-sawlıqtı saqlaw wázirliginiń shıǵarǵan instruktivlik formativlik proektte qurılıp ol sanitar gigienalıq talapqa juwap beretuǵın órt qáwipsizliǵinen saqlawshı, óziniń uchastkasına iye bolıwı hám topar xanaları jeterli bolıwı kerek. Mine usınday baqshasınıń balalardı tárbiyalawdaǵıwazıypa ları tómendegilerden ibarat:

1. Balalardıń ómirin qorǵaw, olardıń den-sawlıǵın bekkemlew;

2.Metodikalıq, gigienalıq kónlikpe ádetlerin qáliplestiriw, tazalıqtı saqlawdı ádetke aylandırıw.

3. Nerv-psixikalıq jaqtan rawajlandırıw balanıń sana-sezimin ósiriwshi, rawajlandırıwshı shınıǵıwlardı kóp paydalanıw.

4. İmanlı, ádep-ikramlılıq sezimlerin dúnyaǵa tábiyatqa bolǵan súyispenshiliǵin oyatıw, gózzallıqqa bolǵan estetikalıq sezimlerin oyatıw.

5. Tuwılǵan jerine, xalqına súyispenshilik penen hám xalıq milleti balalarda húrmet penen qarım-qatnas jasawǵa tárbiyalaw.

6. Úlkenge húrmet, kishige izzet degendey joldaslıq, sıylasıqlıq qásiyetlerin oyatıw.

7. Mádeniyatqa, tártiplilikke, jaqsı minez-qulıqqa tárbiyalaw.

8. Miynetke úyretiw.

9. Mektepte oqıwǵa tayarlaw bolıp tabıladı.

Demek, mektepke shekemgi jastaǵı balalardı mektepte tálim alıwǵa tayarlaw tálim-tárbiya processinde eń áhmiyetli wazıypalardan bolıp, izertlew jumısımızdıń temasın "Balanıń mektep turmısına jámiyetlesiwine tásir etiwshi faktorlar" dep belgiledik.

***İzertlew jumısınıń maqseti:*** Mektepke shekemgi jastaǵı balalardı mektepke tayarlawda, olardıń jas hám psixologiyalıq ózgesheliklerine qaray olarǵa qarım-qatnas jasaw, olardıń mektepke tayarlıq dárejesin úyreniwde kerekli metodlardan paydalanıw, olardı mektepte oqıwǵa ruwxıy tárepten tayarlaw, olarda tálim alıw kónlikpelerin qáliplestiriw jolların úyreniw bolıp tabıladı.

***İzertlew jumısınıń obekti:*** Mektepke tayarlaw toparı tárbiyalanıwshılar.

***İzertlew jumısınıń predmeti:*** Paydalanǵan metodlar járedminde balalardıń mektepke tayarlıq dárejesin analiz etiw.

***İzertlew jumısınıń wazıypaları:***

1) pedagogikalıq izertlew ıqsham hám ayqın maǵlıwmatlarǵa iye bolıwı kerek;

2) psixolog konkret tapsırmanıń usınıs etiletuǵın metodikalardan zárúrli bólimin tańlap alıw múmkinshiliǵine iye bolıwı;

3) Tárbiyashı-pedagogtıń balalar menen psixologiyalıq hám pedagogikalıq qarım-qatnasta bolıwı arqalı tárbiya jumısların hár tárepleme jetilistiriw.

5) Jańa pedagogikalıq texnologiyanı pedagogikalıq processke engiziw.

6) Tálim-tárbiya beriwdıń jańa metod hám usıllarınan paydalanıw.

***İzertlew jumısınıń jańaliǵı hám ámeliy áhmiyeti:*** Mektepke shekemgi jastaǵı balalardı mektepke tayarlaw dawiri tárbiyashı hám pedagog-psixologlardan úlken tayarlıqtı talap etedi. Sebebi, birinshi gezekte balada mektepke barıw tilegin oyatıw, qızıgıúshılıǵın arttırıw, bilim hám tárbiyanıń qızıqlı tároplerin balaǵa úyretiw ushın balalardıń mektepke tayarlıq dárejesin diagnostika etiwde qollanılatuǵın metodikalardıń áhmiyetin ayqınlastırıw bolıp tabıladı.

***İzertlew jumısınıń metodları:***

Tárbiyashılarga arnalǵan anketa- sorawnama, pedagogikalıq analiz, sáwbet

***Jumıstıń dúzilisi :***

Kirisiw, 2 bap, juwmaqlaw hám paydalanılǵan ádebiyatlardan turadı.

# I Bap. Mektepke shekemgi jastaǵı balalardı mektepke tayarlaw ózgeshelikleri hám olardıń jeke rawajlanıw sıpatlamaları

## I.1 Mektepke shekemgi dáwirdegi balalardıń mektep turmısına jámiyetlesiw mashqalalarınıń alımlar tárepinen úyreniliwi

Jámiyetlesiw mashqalası hár qıylı psixologiyalıq baǵdardaǵı wákillerdi burınnan qızıqtırıp kelgen. Óz izertlewlerinde usı mashqalanı qozǵamaǵan derlik hesh bir mektep joq.

Jámiyetlesiw mashqalası Amerika psixologiyasında tolıǵıraq islenip shıǵılǵan halında kórinedi. Bunıń tastıyıǵın bizler Dj. Kolnannıń «Jaslar» jámiyeti (1961), A.Bandura hám R.Uolterstiń «Sociallıq ilim hám shaxstıń rawajlanıwı» (1964), S.Sherflerdıń «Ózgermeli duniyada er jetiw» (1965), E.Makneyldıń «Adamdı jámiyetlesiw mashqalalınıń eń tolıq babin, D.A. Goslinniń redaktorlıǵındaǵı jámiyetlesiw teoriyası hám izertlew kitabı»nan hám E.Makneyldıń «Adamnıń jámiyetlesiwi» atlı miynetinen tabamız.

Jámiyetlesiwde birneshe parametrler ajiratiladı: Intelektuallıq, kognitivlik, minez-qulıq, sociallıq, imociyonallıq, ekspresivlik. Jámiyetlesiw processinde ózine qızıǵıwshılıqlardı, mútájlikti, bilim, kónlikpe, hám ádetlerdi qamtıwshı adamnıń ózin-ózi ańlawdı, onıń «Men» obrazi qalıplesedi. Birlemshi hám mútájlikler «tirishilik stili» (A.Adler) yamasa «tirishilik temaları» (R.Katler) dúziwshi minez-qulıqtıń ózine tán sistemalarına bólinedi.

Psixoanaliz jámiyetlesiw mashqalaların islep shıǵıwǵa úlken úles qosip, jámiyetlesiw jámiyetlesiw óz tábiyati associaciyalıq esaplanǵan instinktli talaplar ústinen qadaǵalawshi process sıpatında túsiniledi. Jámiyetlesiw processınıń túp mánisin Z Freyd superegoni qalıplestiriw járdeminde jámiyetlik normalardı hám minez-qulıq qaǵiydaların internazicalawda kóredi. Waqıt ótiw menen ata-ana qadaǵalawi óz-ózin qadaǵalawi menen orin almasadi, biraq superego tárepinen instinkli baslamanıń toqtalıwı bir tárepten keskinlikti payda etse ekinshi tárepten adamdi shinlıq principine emes, al idealistik maqsetke baǵdarlaydı.

A.Adler Freydtiń pariqli túrde basli diqqatti minez-qulıqtıń sociallıq determinazaciyalarına qaratti, adam jamiyet penen úylesken jaǵdayda bolıwı zárúr hám adam menen jámiyet arasındaǵıkelispewshilik (konflekt) tábiy emes dep oylaydı. A.Adlerdıń pikirinshe, adam óz tábiyati jaǵinan sociall, sebebi tárbiyalaw processinde rawajlanatuǵin sociallıq mápke yamasa tuwma «uliwmalıq sezim»ge iye. Dáslep sociallıq qızıǵıwshılıq balanıń ana menen qatnasında júz berip, bul balani basqa adamlarǵa ińǵaylastirǵanday boladı, minez-qulıq modelin hám basqa adamlar menen qatnasi beredi. Sonday aq, balada sociallıq qızıǵıwshılıqtıń rawajlanıwına áke hám anna arasındaǵıqatnas úlken tásir kórsetedi: erik jeterli dárejede súymewi hám ananıń ǵamxorliǵi (giperopeka) óz balalarındaǵısociallıq qızıǵıwshılıqti sondiredi.

3.Freyd hám A.Adlerden parqli túrde K.G.Yung balalıqtaǵi jámiyetlesiw haqqında derlik hesh nárse aytpaydi hám adamnıń barlıq minez-qulqın balalıq psixoseksuallıq konflektler belgileydi degen. 3.Freydtiń kóz-qarasına qosilmaydı. K.G.Yungtiń kóz qarası boyınsha ómirdıń aqirǵi maqseti –bul «MEN» niń tolıq ámelge asiriliwi yamasa «óz-ózi» ne iye bolıwı, adam janıńiń barlıq aspektleriniń pútinligine, integraciyaǵa, gormoniyalarǵa erisiw.

E.Eriksonniń jeke adamlar teoriyasında jámiyetlesiw mashqalaları egonıń rawajlanıw kóz-qarasınan karaladı. Onıń pikirinshe, id emes, al ego adam minez-qulqı hám háreket qiliw negizin quraydı. E.Erikson ego adamnıń minnetlemesin attiriwǵa járdem beriwshi sociallıq adaptaciya rawajlanıwdıń tiykarǵı esaplanǵan jeke adamnıń avtonomli sistemasınan turadi dep esaplaǵan. E.Erikson sonday aq adamnıń pútkil ómiri dawaminda dawam etiwshi hám bir neshe universol` basqıshlardan ótiwshi egonıń rawajlanıwına usi jámiyiettiń tariyxiy shártleri, áhmiyetlilik sistemalarınıń tásir etiwine úlken áhmiyet bergen. E.Eriksonǵa muwapıq egonıń psixosociallıq rawajlanıwiniń segiz basqıshı jetilisiwdıń enigenetikalıq principine muwapıq bir-biriniń orniń basadi, buni ol óziniń «Balalıq hám jámiyet» atli kitabinda keltirip ótedi:

Tiykarınan alǵanda jeke shaxs basqıshpa-basqısh rawajlanadı, bir basqıshtan ekinshisine ótiw jeke shaxstıń sociallıq oy-óristiń keńeyiwi, ósiwi hám sociallıq

óz-ara háreket radiusınıń bunnan bilayda ósiwi baǵdarinda háreket etiwge tayar ekenligi menen aldin ala sheshiledi.

Jámiyet sonday tárizde dúzilgen, bunda adamnıń sociallıq múmkinshilikleriniń rawajlanıwı unamlı qabıllanadı, jámiyet usi tendenciyanıń saqlanıp qalıwına járdemlesiwge, sonday-aq rawajlanıwdıń durıs izbe-izligin hám tiyisli tempin saqlap turıwǵa urınadı.

E.Eriksonniń kóz-qarası boyınsha, hár bir basqısh berilgen basqıshta adamǵa degen sociallıq talaplar hám psixologiyalıq jetiskenliktiń belgili bir dárejesine erisiw aqibeti esaplanǵan krizis arqalı alıp barıladı. Biraq E.Erikson, krizis-bul «apatshılıq qáwpi emes, al ózgermeli púnkt, sonıń menen birge kúshtiń hám jetersiz adaptaciyanıń ontogenetikalıq deregi»-den bildirip ótedi.

E.Erikson psixosocializaciallıq rawajlanıw basqıshın tómendegi unamlı hám unamsız (pózitiv, egativ, komponentlerdi qamtıwshı eń aldınǵıpsixologiyalıq konflektler terminlerinde túsindiredi:

1. Bazalıq isenim-bazalıq.

2. Avtonomlıq-ar namıs hám guman.

3. Iniciativlik-ayipti seziniw.

4.Miynet súygishlik-jetispegenlik.

5. Ego-birdeylik-áhmiyetli isenimsizlik.

6. Jaqınlıq-izoliciya

7. Nátiyjelilik-hárekecizlik.

8. Ego-integraciya-úmicizlik.

Eger konflekt unamlı sheshilse, onda ego jańa pózitiv komponentlerge bayıtadı, eger de qandayda bir sebeplerge baylanıslı konflikt sheshilmey qalsa yamasa unamsız sheshilse, onda ego ózine negativ komponentti saylaydı. Jeke shaxstıń individual (jeke) ózine tánligi adamnıń bul konfliktlerdi qalay sheshiwine baylanıslı.

Jeke shaxstıń rawajlanıw processinde mádeniy hám shaxslar ara doktorlardıń ayrıqsha rolin basqada postfreyshiler, atap aytqanda E.Frolen, K.Xorji, G.Sollivenler atap ótken.

E.Fromniń pikirinshe, adam tábiyatında ana menen balalıq baylanıs bergen qáwipsizlik sezimine uqsas turaqlılıqqa hám qáwsizlikke, jámiyetke tiyislilikke, ádetleniwge bolǵan talap boladı. Biraq sonıń menen birge adamlar erkinlikke hám óz betinshe bolıwǵa talpınadı, hám bul erkinlik hám qáwipsizlik arasındaǵıúlken kelispewshilik keskinlikte keltirip shıǵarıp, bunda adamlar olardan hár qıylı jollar menen qutiliwǵa urınadı. «Erkinlikten qashıw»dıń bunday mexanizmlerine E.Fromm kúsh toplaw ushın ózin qandayda bir sırtqı ortalıq penen baylanıstiriwǵa talpiniw siziqli avtoritarizmdi, tolıq jetilispegenlik sezimin jeńiw maqsetinde basqalardı tań qaldırıw yamasa joq etiwge sıyaqlı destruktivlikti, óziniń jekkeligin (individualliǵin)iń joytiliwin bildiretuǵin sociallıq normalarǵa tolıq boysiniw joli sıpatında kirgizedi.

K Xorni óz miynetlerinde de mádeniy hám sociallıq tásirlerdıń jeke shaxsqa zárúr ekenin aytip ótken. K.Xorni Evropa hám Aqsh ta pocentler ústinde ótkergen klinikalıq baqlawları sonday juwmaqqa alıp keldi, bunda jeke shaxstaǵi buziliwlar negizinde shaxslar ara qatnaslardıwlar negizinde shaxslar ara qatnaslardı ájayip stili jatadi. K.Xornige muwapıq, jeke shaxstıwapiq, jeke shaxstı rawajlanıwındaǵı sheshiwshi doktor bul bala hám ana arasındaǵısociallıq qatnaslar bolıp esaplanadı. Eger ata-ana basli talap-qáwipsizlikti támiyinlemese, onda keyin ala balada nevroz payda bolıwı múmkin.

K.Xorni jeke shaxstıń nevrozlıq rawajlanıwına tásir etiwshi bir neshe doktorlardı ajıratıp, onıń birinshisin «emocianallıq bólimleniwdi keltirip shıǵarıwshı jaǵday, adamlar arasındaǵıpotencial` dushpanlıq kúsh, qáwiplilikti seziniw, qorqinish hám ózin hálsiz seziw» dep ataydi .

Bunday jaǵdaylarǵa, birinshi náwbette balanıń qáwipsizlikke mútájligin ata-analardıń tolıq sáykes kelmeytuǵin minez-qulqı kiredi: turaqsız minez-qulıq, masqaralaw, wádeni orinlamaw, qádden tis qáwenderlik kórsetiw. Usi barlıq jaǵdaylar balada ata-anaǵa degen jek kóriwshilik seziminiń qáliplesiwine alıp keledi hám ol psixologiyalıq qorǵaniwmexanizmleri járdeminde basim kórsetiwge májbúr boladı.

Keyin ala nevrozlıq mútájlikler tiykarında shaxslar ara qatnaslarda belgili bir strategiya qáliplesip, buniń maqseti qáweterleniwdi páseytiw hám eń maqul jasaw dárejesine erisiw bolıp tabıladı. Nevrozdıń rawajlanıwına tásir etiwshi faktorlardıń ekinshi gruppasına K.Xorni nevrozlıq konflektlerdi payda etiwshi ishki tosqınlıqlar, mútájlikler hám umtilislardı kirgizedi: muxabbatqa talasiw, egocentrizm hám tlekleslik, ózin-ózi kótermelew hám tolıq jetilispegenlik sezimi, egoizm hám al`truzm h.t.b.

Solay etip, Z.Freydtiń kóplegen tárepdarları adam shaxsınıń qáliplesiwinde sociallıq doktorlardıń belgili bir roli barliǵin tán alıwına qaramastan, psixoanaliz ushın adam tábiyatin biologizaciyalaw, oni bastan-aq asocial` maqluq sıpatında moyınlaw tán, sonlıqtan jámiyetlesiw processi Freydshiler tárepinen adamǵa sırtqı hám jiyi hallarda dushpanlıq etiwshi process sıpatında túsiniledi.

Jámiyettiń adamǵa tásir etiwiniń uliwma mexanizmine eger adamnıń mútájlikleri usi jámiyettiń talaplarına hám standartlarına sáykes kelmegen jaǵdayda jazalaw (repressiv) sharaların qollanıw kiredi. Individtiń rawajlanıwında hám háreket etiwinde de, jámiyettiń rawajlanıwında da psixoanalitikler eń basli rol`di biologiyalıq doktorlarǵa beredi, bul olardıń koncepciyalarına mazmuni jaǵinan tariyxqa qarsi xaraqterdi baǵishlaydı.

Biraq kópshilik neofreydshiler adam minez-qulqınıń analizine sociallıq jaǵdaydi kiritiwge urinǵan. Buǵan sociallıq qatnaslardıń psixologiyalıq konfliktlerge kúshli tásir etiwi haqqında maǵliwmatlardıń toplanıp qalǵani sebepshi bolǵan. A.Adler hám bunnan soń basqada neofreydshiler adam tábiyatiniń mazmun-mánisin tek sociallıq qatnaslardı túsiniw arqalı uǵip alıw múmkin degen pikirlerdi bildiredi. G.Salliven tek adamzat psixologiyasi emes, al fiziologiyasi da socialıq jaqtan shártlengen dep oylaydı. Psixoanaliz sociallıq ortalıqtıń psixologiyalıq qubilislarǵa táir etetuǵinliǵi tán alsa da, olar jeke shaxstıń rawajlanıwın ishki psixologiyalıq faktorlar menen determinaciyalanǵan (ilmiy jaqtan túsiniw) dep túsinedi.

Jámiyetlesiw mashqalasına basqa da psixologiyalıq baǵdarlarda, ásirese Aqsh ta taralǵan baǵdarlarda,-bixeviorizmde, birinshi náwbette E.Torndayk hám

D.Uocanlardıń klassik bixeviorizmi tiykarında qálipesken sociallıq úyreniw teoriyasında úlken orin berilgen. Tiykarǵı teoriyalıq qaǵiydalar E.Tolmenniń «Xaywanlar hám adamlardaǵımaqsetli minez-qulıq» (1932), K.Hámdıń «Minez-qulıq principi» (1943), A.Banduranıń «Sociallıq úyreniw hám jeke shaxstıń rawajlanıwı» (1963), Dj.Rotterdıń «Sociallıq úyreniw hám klinikalıq psixologiyasi» (1954) atli miynetlerinde berilgen .

Minez-qulıq haqqında ilimniń negizi B.Skinnerdıń teoriyali bolıp esaplanadı, bunda adamnıń minez-qulqı oni shaqiriwshi sociallıq stimullar hám usi minez-qulıqti saqlap qalıwshi járdemshi terminler menen túsindiriledi. Biraq skinner ishki psixikalıq processlerdıń adam minez-qulqına hár qanday tásirlerin biykarlaydı hám tek ǵana qorshaǵan ortalıqtı úyreniw járdeminde adam shaxsın qáliplestiredi dep kórsetedi. B.Skinnerdıń kóz-qarası boyınsha balada minez-qulıqti ózlestiriw ushın úlken múmkinshilikler bar.

Eń basli «jámiyetlesiwshi» faktor bul járdem yamasa ata-ana tárepinen járdem kórsetilmewi bolıp esaplanadı, yaǵnıy balanıń tek qálegen minez-qulqı bekkemlenedi hám solay etip onıń belgili bir baǵdarda rawajlanıwı qáliplesedi. Uzaq múddet bekkemlenbeytuǵin balanıń minez-qulqı bekkem bolmaydı. Rawajlanıw dárejest boyınsha balanıń minez-qulqı sonday formalarǵa iye boladı, bunda olar turaqli úyreniw tájriybesine tuwridan-tuwri baylanıslı boladı hám solay etip bala shaxsı qáliplesedi. Balanıń sociallıq duńyasi keńeyiwi menen bekkemlewdıń basqada kóplegen derekleri payda boladı, biraq bekkemlew járdeminde minez-qulıqti determinaciyalaw principleri sol halinda qaladı. B.Skinnerdıń pikirinshe, balalardı jámiyetlesiw processinde úlken jastaǵi adamnıń minez-qulıq negizleri qollanadı, bunda olar ózin óziniń ótmishtegi ájayıp úyrengenligine muwapıq tutadı. Rawajlanıw processinde sociallıq ortalıq járdem bermeytuǵin yamasa jazalaytuǵin minez-kulıq joq bolıp ketedi.

Sociallıq úyreniw teoriyali barlıq bixeviarizm ushın uliwmalıq bolǵan ilimiy hám eksperimentallıq metodologiyani saklap qaladı, biraq sırtqı ortalıq minez-qulıqtıń birden-bir sebepshisi esaplanǵan. B.Skinner teoriyasınan parqli túrde, sociallıq úyreniw teoriyasi minez-qulıqqa tásirin maqullaydı. A.Banduranıń

pikirinshe, minez-qulıqqa sociallıq ortalıq tásir etsede, ol adam iskerliginiń bir ónimi bolıp esaplanadı. Jámiyetlesiw processi L.Bandura tárepinen bixeviarizm ushın uliwma bolǵan kóz-qaraslarǵa muwapıq minez-qulıqtıń jańa formalarına iye bolıw processi sıpatında baxalanadı. Biraq klassik bixeviarizmnen parqli túrde, ol minez-qulıqtıń jańa formaların sırtqı járdemniń joqliǵin baqlaw járdeminde alıw múmkin dep oylaydı. A. Banduranıń kóz-qarası boyınsha, adamlar basqalardıń minez-qulqın baqlaw arqalı belgili bir minez-qulıq reakciyalarınıń kognitivlik obrazin qáliplestiredi, hám sońinan óz háreketleri menen usı informaciyaǵa baǵdarlanadı.

Dj Rotter teoriyasi eki adamnıń óz-ara háreketi hám olardı qorshaǵan ortalıqtı belgiley otırıp, A.Banduranıń teoriyasın tolıqtiradi. Sociallıq úyreniw kózqarasınan jámiyetlesiw processii sociallıq normalardı internalizaciyalawdan yaǵnıy sırtqı sociallıq talaplar hám baylıqlardıń jeke shaxstıń ishki stukturasına ótiw processinen ibarat. Bul mániste balanıń jámiyetlesiwlanǵan kórsetkishi sırtqı qadaǵalawǵa baylanıssiz halda ishki motivaciyaǵa sáykes minez-qulıq boladı. Dj. Rotterdıń teoriyasında minez-qulıq islegen háreketi aldaǵıwaqıtta marapatlanıwǵa alıp keletuǵinliǵin kútiw menen anıqlanadı. ótmishtegi tájriybe tiykarında bekkemlengen turaqli kútiw jeke shaxstıń bir pútinligin hám birligin kórsetedi. Dj Rotter óz teoriyasında basli rol`di individtiń kóz-qarası boyınsha psixologiyalıq jaǵday túsinigi ne beredi. Onıń pikirinshe, bunday sociallıq jaǵdayda tiykarǵı qozdırıwshilar jiyintiǵi adamda minez-qulıq nátiyjelerin kútiwdi-járdemdi keltirip shiǵaradi.

Uliwma alǵanda, sociallıq úyreniw teoriyasi ushın jámiyetlesiwdıń burinǵi basqıshlarına qızıǵıwshılıq tán bolıp, bul kópshilik xallarda ayırım avtorlar adam shaxsınıń qáliplesiwi ushın sociallıq jaǵdaylardıń zárúr ekenligin bildirip ócede, úyreniwdıń sociallıq mexanizmleri hám jámiyetlesiw haqqında anıq túsiniktiń joq ekenligin bildiredi. Bunnan tısqarı sırtqı járdemlerdıń ishki motivaciyalıq korrektorları sociallıq úyreniw teoriyasında jámiyetlesiw processindegi kognitivlik doktorlarǵa ayrıqsha áhmiyet beriledi. Úyreniletuǵin processlerge adam shaxsınıń tiykarǵı belgisi sıpatında ayrıqsha áhmiyet bergen eń dáslepki psixologlardıń biri

bul midicina psixoloǵ Dj.Kelli boldı. Onıń adam tábiyati haqqında kóz-qarasları «jeke konstruktlar psixologiyasi» atli eki tomli miynetinde sáwlelengen (1955). Kelli jámiyetlesiw processi sırtqı ortalıq talapnamaların internalizaciyalaw processinen ibarat degen  bixeviarizm ushın uliwma tártipke ámel qiladı. Konstruktivlik al`ternativizmniń filosofiyalıq koncepciyasına tiykarlanıp, Dj.Kelli óz teoriyasınıń fundamenti sıpatında «jeke konstrukt» terminin qollanıp, bul idea hám oy-pikirden ibarat, usılardıń járdeminde adam túsiniw, túsindırıw hám boljawi múmkin: «Adam al dóretetuǵin hám ob`ektiv shinlıqqa biyimlestiretuǵin túsinikler yamasa modeller sistemasi járdeminde óz duńyasi haqqında pikir júritedi».

Keyin ala adam óz ómiri dawaminda barlıq waqıtlardı usinday jeke konstruktlar járdeminde túsinip jetedi. Solay etip, bunday usıl jámiyetlesiwdıń psixologiyalıq mexanizmi sıpatında alda turadi. Kellidıń shamalawınsha, jeke konstruktlar turmis waqıtlarınıń uqsasliǵin hám ayirmashiliǵin baqlaw processinde qáliplesedi. áste aqirin konstruktlar sistemaǵa birigedi, bunda olardıń ayrimları ústem, al ayrimları boysinǵan xalata boladı.

Jámiyetlesiw mexanizminiń psixologiyalıq aspekti ishki hám sırtqı táreplerdıń birliginen ibarat. Jámiyetlesiw mexanizminiń ishki tárepi shaxstıń motivler, talaplar, maqsteler, isenimler sistemasi menen berilgen. Sırtqı tárepi-individtiń materiallıq ob`ektler hám sociallıq qatnaslar sistemasın qosa óz-ara háreket etetuǵin ob`ektler. Dj. Kelli adamlardı olar tiri orǵanizm bolǵani ushın ǵana aktiv sub`ekt sıpatında qaraydi. Biraq teoriyalıq ádebiyatlardı analizlewdıń kórsetiwinshe, adam shaxsın izertlewshi psixologlardıń derlik kópshiligi óz teoriyalarında motivaciya máselelerine toqtalıp ótken, óytkeni bul mashqala kóplegen teoriyalarda oraylıq másele bolıp tabıladı. Ayrim teoriyalarda motivaciyanıń mánisi instinktli talaplardan kelip shigatuǵin intanıń ázzileniwınde kóriledi. Birinshi márte Z.Freyd jazǵan motivaciyanıń redukcionlıq teoriyasında adamlardıń fiziologiyanıń mútájlikleri kúshli intani payda etedi hám oni usi mútájliklerdi qanaatlandırıw joli menen izleniwge májbúr etedi. Basqa da psixologiyalıq teoriyalarda tiykarǵı diqqat adamlardıń qorshaǵan ortalıqtı iyelewge hám ráhátleniw maqsetinde jańa tájriybeler toplawǵa umtılıwına qaratıladı.

Rawajlanıw dárejesi boyınsha adamlar barǵan sayın óz qánigeligin (komponentligi) arttirip bariwǵa hám qorshaǵan ortalıq penen nátiyjeli óz-ara baylanısta bolıwǵa talpinadı, hám jiyi-jiyi onıń minez-qulqı kúshleniwdi páseytiwge qaratilǵan boladı.

A.Maslow motivaciya túsiniginiń usi eki modelin uliwmalastırıwǵa urınıp, onıń pikirinshe, qandayda bir waqıtlarda ademlar mútájliktiń jetispewshiligin sezinedi hám kúshleniwdi (kúsh salıp islew) páseytiwge talpinadı, al basqa waqıtlarda ol óziniń jeke potencialın ámelge asırıw maqsetinde bar kúshin jumsawǵa urınadı. A.Maslow adamnıń tuwma mútájlikleri sistemanı keltirip shiǵaradi degen gipotezani alǵa súrip, bunda tiykarǵı mútájliklerdıń izbe-iz jaylasiwi adam motivaciyasınıń dúziw negizinde jatiwshi basli princip bolıp esaplanadı:

1. Fiziologiyalıq mútájlikler (aziq-awqat, suw, uyqi);
2. Qáwipsizlikke bolǵan mútájlik (turaqlılıq tártip);
3. Muxabbatqa hám tiyislilikke mútájlik (shańaraq, doslıq);
4. Húrmet-izzetke mútájlik (óz-ózin húrmetlew, moyınlaw);
5. Óz-ózin aktualizaciyalawǵa mútájlik (uqıplılıqlardıń rawajlanıwı).

A.Maslowdıń kóz-qarası boyınsha, negizinde jaylasqan mútájlikler onnan joqarida jaylasqan mútájlikler payda bolǵanǵa shekem qanaatlandiriliwi kerek. A.Maslow boyınsha barlıq mútájlikler determinaciyalanǵanıńa qaramastan, qorshaǵan ortalıq olardıń ózgeriwine úlken tásir kórsetiwi múmkin. Jámiyetlesiw processii tiykarǵı fiziologiyalıq mútájliklerdi qanaatlandırıwdan baslanadı. Bunda minez-qulıq, uqıplılıq hám tájriybelerdıń eń elementar usılları balaǵa ata-analar usi tiykarǵı mútájliklerdi qanaatlandırıw processinde beredi. Jańa normalar hám baylıqlar balada bar bolǵan minez-qulıq motivaciyasınıń ústine salınadı hám dáslepki mútájliklerdıń kelip shıǵıwına áhmiyetli tásirin kórsetedi. Sonıń menen birge tuwma (tábiyiy) mútájliklerdi jámiyetlesiw mexanizminiń anıq bir elementi sıpatında qaraw múmkin. Sebebi olardıń járdeminde minez-qulıqtıń túrli usılları bekkemlenedi.

Jámiyetlesiw mexanizmin psixologiyalıq dárejede háreket etiwin tómendegishe kóz-aldimizǵa keltiriwimiz múmkin. Qorshaǵan ortalıq faktorları yamasa oragnizmniń ishki háreket etiw shártleri adamda dáslep seziniw (ash bolıw shóllew) yaki emociyalar qorqıw, qáweterleniw túrinde ótetuǵin mútájliklerdıń kelip shıǵıwına tásir etedi.

Bunday sezim hám emociyalar anıq bir motivaciyanıń qáliplesiwine tásir kórsetedi. Bir waqıttiń ózinde mútájlik hám ótken tájriybeniń usi mútájliklerdi qanaatlandırıw jaǵdayı menen óz-ara baylanıs processi ámelge asadı. Bunnan soń háreket etiw jobasi hám sheshim qabıllanadı, sonday aq hárekettiń qútilgen nátiyjesi qáliplesedi. (P.K.Anoxin boyınsha, «háreket nátiyjeleri akceptodi»). Usidan keyin onıń jigerli regulciyasında háreket baslanadı. Kúsh baylanıs mexanizmi arqalı háreket haqqında informaciya oraylıq nerv sistemasına beriledi. Háreket nátiyjesi akceptori menen salistiriladı hám belgili bir emociyalardı kelitirp shiǵaradi: Eger islengen háreket parametrleri alǵa qoyǵan maqsetke sáykes kelmese, onda eń joqli jetiskenlik ushın háreketi dawam ettiriwge yamasa mashqalani sheshiwdıń jańa usıllarıń izlewge sebep tabiwshi keri emocianallıq jaǵday kelip shiǵadi. Eger de nátiyje akcentorina sáykes kelse, onda sol minez-qulqı usılin bekkemlewshi unamlı emociya kelip shiǵadi .

Solay etip, jámiyiet adamnıń mútájliklerin qanaatlandırıw usıllarına tásir kórsetedi hám ol adamda minez-qulıqtıń túrli usılların unamlı hám unamsız bekkemlew járdeminde jańa mútájliklerdi payda etedi, solıqtan jámiyetlesiw mexanizmi stukturasında bekkemlew jeke jámiyetlesiwshi element bolıp esaplanadı, usi arqalı jámiyetlesiw processinde orǵanizmniń ortalıq penen baylanısı ámelge asadı.

Oyın jaǵdayında bala ózin basqa adamday sezinip háreket etedi, bunda rol`di atqariwdıń bul forması tek bir rol`di názerde tutadı, usınıń nátiyjesinde balanıń tájiriybesine «ayrıqsha basqasi» kirip baradı. Jámiyetlesiwniń eń quramalı forması bull jámáátlik oyın bolıp, bul tek «ayrıqsha basqanıń» rolin emes, al oyınǵa qosilǵan qalǵan barlıq «basqalardıń» rollerin internalizaciyalawdı talap etedi. Rollerdi qabıllawdan tısqarı adam usi rollerdi belgilep beriwshi tártip-qaǵiydalardı

ózlestirip alıwı tiyis. Simvolikalıq óz-ara baylanıstiń bunday túrlen D.Mid «uliwmalasqan hám shólkemlesken ustanovka» dep ataydi, usiǵan muwapıq adam «baskanıń qatnasi» roline dus keledi. Simvolikalıq óz-ara baylanıstiń barlıq qarap ótilgen formaları, individtiń sociumǵa kiriwin támiyinleydi, bunda jámiyetlesiwniń tiykarǵı mexanizm, avtordıń kóz-qarası boyınsha rollerdi úyreniw bolıp tabıladı. Rollerde adamnıń sana-sezimin qáliplestiriwshi sol jámiiyettiń uliwmalasqan hám bekkemlengen sociallıq tájriybeleri, normaları, qunlılıqları hám simvolları qamtilǵan boladı. Roller anıq bir jaǵdaylarda adamlardıń minez-qulqın belgilep beriwshi ustanovkalardıń norma hám tártip-qaǵiydalarında bekkemlengenlerden, ob`ektivlengenlerdıń ibarat.

Rollerdi qabıllaw jeke shaxstıń ózine tán fundamenti, sonıń ishinde jetik shaxstı payda etiwshi dóretiwshilik potenciali esaplanǵan adam shaxsınıń sociallıq aspekti qáliplesiwiniń zárúr shártlerinen bolıp esaplanadı.

Sociallıq mashqalasına psixologiyalıq hám sociallıq kóz-qaraslardan tısqarı, bul mashqalaǵa antropologiyalıq jaqtan jantasiw kul`turaları bar bolıp, buniń baǵitında minez-qulıq úlgileriniń ótiwinde mádeniyatları ara ózgeshelikler úyreniledi. Bunday usılda jámiyetlesiw mádeniyatti, sociallıq normalardı, minez-qulıq úlgilerin ótkeriw processi sıpatında qaraladı.

## I.2. Balanıń mektep turmısına jámiyetlesiw mashqalası

Balanıń mektepke tayarlıǵı onıń fizikalıq hám psixologiyalıq rawajlanıwı, salamatlıq jaǵdayı, aqılıy hám jeke rawajlanıwı menen anıqlanadı, yaǵnıy faktorlardıń barlıq kompleksi áhmiyetli orın tutadı. «Mektep jasına jetiw» túsinigi psixologiyaǵa L.I.Bojovich tárepinen kiritilgen bolıp, ol sistemalı oqıtıw talapları júdá qıyın bolmaǵan hám balanıń salamatlılıǵına unamsız tásir kórsetpeytuǵın, sonday-aq mektepke balanıń beyimlespewi morfologiyalıq, funkcional hám psixologiyalıq rawajlanıwın anıqlaydı. Funkcional tayarlıqtıń tómen dárejede bolıwı - balanıń mektepke tayar emesligi, yaǵnıy nerv-psixikalıq jaqtan jetilisiw dárejesınıń mektepte oqitiw wazıypa larına sáykes kelmewi psixologiyalıq sebeplerge baylanıslı. Mektepke beyimlespewshiligi kishi mektep jasındaǵıbalalardıń qoyilǵan talaplardı ózlestirip alıw hám orınlawdaǵıqıyınshılıqlar, mekteptegi tómen ózlestiriw, tártipsizliktiń shegine shıǵıw túrinde kózge taslanadı. Mektep beyimlespewiniń tiykarǵı sebeplerine bolıp erkin sferanıń jetkiliksiz rawajlanıw (eresek adamnıń kórsetpelerin tińlawǵa hám orınlawǵa, qádege háreket etiwge, erkin túsinigin, erkin yadin rawajlandırıw qunińiń bolmawi) jaǵdayları kiredi. Mine usi nuqsan artında oqıwdaǵı qıyınshılıqlar, tártipsizlik, klassta hám úyinde óz betinshe isley almaw hám t.b. turadi. Sonday-aq, oylawdıń mektepke shekemgi jas túrleriniń qáliplespegenligindegi, sóylew kónlikpesınıń rawajlanıwında, bárinen burin fonetikalıq esitiwi, muǵallimniń kóp tallanǵan sózlerdi durıs túsindirmewi kemshiliklerge súyengenligi kishi jastaǵi mektep oqıwshilarınıń mektep beyimlespewiniń sebebi bolıwı múmkin.

*Balanıń oqıwǵa tayarlıǵın tómendegi tiykarǵı faktorlardı bahalaw menen baylanıstiriwǵa boladı:*

1) psixofiziologiyalıq;

2) oqıw iskerligi hám onıń quramina kiretuǵin:

- sensomotor sferasınıń qáliplesiwi;
- dóretiwshilik processlerdıń qáliplesiwi;

- biliw iskerliginiń ámelde bolıwı.

3) is-háreketti ózi-ózinen regulyaciyalaw sistemasınıń qáliplesiwi;

4) sociallıq, óz qatarları menen de, eresekler menen de óz-ara múnásibetti ornatiw talabi hám uqıbı;

5) jámiyetlesiw, bala shaxsı imkaniyatlarınıń qabıl etiliwi hám jámiyet talaplarına muwapıq keliwi.

Eger mektepte oqıwǵa tayarlıqtıń psixologiyalıq tárepleri haqqında aytatuǵin bolsaq, onda psixofiziologiyalıq qurami birinshi orında iyeleydi. Gáp balanıń salamatlıǵı haqqında baradı. Anemiya, gipo- yaki gipereakciyalıq, miydıń orǵanikalıq disfunkciyasi, uzaq dawamli shala uyqi, somatikalıq kesellikler hám t.b. tálim hám tárbiyanıń tabisli bolıwın támiyinley almaydı, sebebi bunday bala mektepte qoyilǵan talapqa fizikalıq jaqtan shıdam bere almaydı.

Oqıw iskerligi haqqında aytatuǵın bolsaq, onda bul jerde gáp sensomotor sferasınıń qáliplesiwi haqqında baradı, yaǵnıy, qoldıń kishi motorikasınıń rawajlanıwı, «kóz-qol» kóriw-háreket sáykesligi haqqında boladı. Bala muǵallimniń taxta aldındaǵı háreketin baqlay otırıp, sabaqlıq boyınsha oqıw tapsırmasın orinlatirip, olardı sol tárizde uqsatip, óz dápterinde qaytalay biliwi tiyis boladı. Bul «kóz-qol» funkciyasında sabaqlıq penen islesiwdıń tiykarın quraydı. Seziw, qabıl etiw, diqqat, yad, oylaw hám t.b. usaǵan kognitiv processlerdıń qáliplesiwi biliw iskerligin támiyinleydi. Biliw motivaciyasınıń ámelde bolıwı oqıwǵa degen qızıǵıwshılıqtıń hám oqıwshı bolıw emocional tileginen ibarat boladı. Oqıw biliw motivaciyasınıń, biraq eresekler tárepinen júzege keltiriletuǵin joqarıda aytıp ótilgen faktorlar saqlanǵan jaǵdayda ǵana bala tabısı qáliplesedi.

Is-háreketti tártiplestiriw sistemasınıń qáliplesiwi tek úlgini hám oqıw tapsırmasın qabıl etiwden ǵana ibarat bolıp qalmastan, al onıń sociallıq qorshaǵan ortalıǵınıń balaǵa qoyatuǵin talaplarına muwapıq is-háreketttiń belgilengen túrlerin óz betinshe qoya biliw, jobalaw hám iske asırıw uqıbınan da ǵárezli boladı.

Sociallıq faktor degende óz qatarları menen de, eresekler menen de óz-ara múnásibetlerin qalayinsha ornata alıw uqıbı túsiniledi.

***Mektep*** **-** bul bárinen burin balanıń basqalar menen qalayınsha óz-ara múnásibette bolıp, qalayinsha beyimlesiwi, bolajaq oqıwshi hám jámiyet aǵzasi sıpatında onıń tabisqa erisiwsheńligine baylanıslı bolatuǵin, jańa sociallıq ortalıq bolıp tabıladı. Beyimlesiw - delingende tek ámeldegi sharayatlarǵa iykemlesiw mexanizmleri ǵana emes, al óz-ara múnásibetler xaraqterin óz betinshe anıqlawın júzege keltiretuǵin balanıń óziniń uqıplılıǵi da túsiniledi.

Eń sońǵi faktor - jámiyetlesiw. ***Jámiyetlestiriw*** **-** bul kontekstte jámiyet talapları menen balanıń  imkaniyatlarınan kelip shiqqan birikpe sıpatında alıp qarawǵa boladı. Sociallıq talaplar shaxstıń minez-qulqın anıqlaytuǵin shártli faktor bolıp esaplanadı. Olar sheklewlerdi toqtatıw menen birge balanıń uqıplarına, kónlikpelerine hám bilimine talaplar qoyadi Solay etip, mektep sharayati- bul onıń óz turmis iskerliginiń sub`ekti sıpatında tayar bolıwı kerek bolǵan balanıń jámiyetlesiwindegi jańa bir basqıshı. Jámiyetlesiw degende, sonıń ishinde, bilim, túsinik hám qabıl etilgen sociallıq normalar  hám óz minez-qulqın usı normalarǵa baǵındıra biliw  túsiniledi.

L.I.Bojovich, D.B.El`konin balanıń mektepke tayarlıǵınıń túrli komponenti sıpatında «oqıwshiniń ishki póziciyasi» degen jańa bilimlendırıwdi anıqladı, bunda oqıw iskerliginin zárúrli baslanǵish shártleriniń qáliplesiwin birinshi orinǵa qoydıhám tómendegi parametrlerdi ajıratıp kórsetti:

- Háreket usılın ulıwmalıq anıqlaytuǵin  qádege óz háreketin sanali túrde baǵindira alatuǵin balalar uqıbı;

- berilgen talaplar sistemasına baǵdarlay biliwi;

- sóylewshini diqqat penen tińlap, awizsha túrde berilgen tapsırmalardı dál orinlay biliwi;

- kóriw qabıl etiw úlgisi boyınsha talap etilgen tapsırmanı óz betinshe orınlaw uqıbı.

Ámelde bular – baslawish klasslarda oqıwǵa tayanatuǵin mektepke psixologiyalıq tayarlıqtıń bir bólegi bolatuǵin erkinliginiń rawajlanıw parametrleri boladı.

*Mektepke tayarlıq diagnostikasi boyınsha metodikalardı tańlap alıwımiz tómendegi faktorlar menen belgilenedi:*

1) Uliwma belgili jasqa baylanıslı hám pedagogikalıq psixologiyada uliwmalıq belgili bolǵan mektepke shekemgi jastaǵi balalardıń jas hám jeke ózgeshelikleri;

2) Usınıs etiletuǵin metodikalar oqıw iskerligindegi tabısqa erisiwdi anıqlaytuǵin psixologiyalıq fenomenlerge baǵdarlanadı;

3) Mektepke shekemgi jastaǵi balalardı baslanǵan biziń izertlew tájiriybemiz usınıs etiletuǵin metodikalardıń oqıwǵa tayarlıq haqqındaǵı máselelerdıń sheshimin tabiwdıń nátiyjeliligin hám joqari ámeliy áhmiyetliligin kórsetti.

Biz balalardıń metktep turmısına jámiyetlesiwinde áhmiyetke iye dep Kern–Yirasektiń belgili metodikasın, A.L.Vengerdıń grafikalıq diktantın, «Úy, terek, adam» (ÚTA), «Shańaraq súwreti» (súwretli metodikalar, «Psixolog sandıqshası»nıń usı komplektindegi «Proektiv balalar súwreti» broshyurasında berilgen) metodikaların usınıs etemiz.

*Bul metodikalardıń artiqmashlıqlarına tómendegi abzallıqlardı kirgiziw múmkin:*

1. Bul metodikalar boyınsha alınǵan nátiyjeler balanıń psixologiyalıq rawajlanıwınıń, sonday-aq onıń oqıwǵa psixologiyalıq tayarlıǵınıń tiykarǵı kórsetkishleriniń tolıq kartinasın beredi:

- ✓ júyke (nerv) psixologiyalıq jaǵdayı;
- ✓ intellektuallıq sferanıń rawajlanıw ózgeshelikleri;
- ✓ motivaciyalıq talap sferasınıń rawajlanıwı.

2. Izertlewdi ótkeriw barısında mektepke shekemgi jas balada sóylewdıń rawajlanıw dárejesin bahalaw múmkinshiligin beretuǵin diagnostikalıq interv`yuge imkaniyat beriledi.

3. Bul metodikalardı qaytalap qollanıw barısında balanıń psixologiyalıq jaǵdayı dinamikasi kórinedi.

4. Testler tapsırmaları quramalı emes, mektepke shekemgi jastaǵi balanıń hám kishi mektep jasındaǵıoqıwshiniń túsinıwıne qolaylı, al bul faktordı ayrıqsha

esapqa alıw kerek, sebebi balanıń emocional jaǵdayı burınǵıday bolmaǵan test jaǵdayında stabil bolmawı múmkin.

5. Barlıq úsh metodikanı jeke test alıwdaǵısıyaqlı, toparlıq test alıwda qollanıw múmkin.

6. Testke tayarlıq ayrıqsha yaki arnawlı materialdı talap etpeydi, sebebi usınıs etiletuǵin testler «qaǵaz hám qálem» toparina kiredi.

7. Testten ótkeriw jeke diagnostikada 30 dan 40 minutqa shekemgi waqıtti aladı. Balalardı toparlıq izertlewde, ádettegishe, 30-40 minutlıq eki ushırasıw zárúr.

8. Testlerdi diagnostikanıń oyın forması- «qádesi bar oyın» sıpatında paydalanıw múmkin.

Sońǵı waqıtlarda ayırım psixologlar tárepinen Kern-Yirasek hám A.L. Vengerdıń grafikalıq diktant metodikasi gónergen, endi «islemeydi» dep aytilmaqta. Bul nadurıs. Házirgi zaman qollanbalarında usınıs etiletuǵin kópshilik metodikalar olardıń ápiwayilastirilǵan yamasa quramalastirilǵan klassikalıq variantiniń hár qıylı túrdegi modifikaciyalarınan ibarat. Izertlew programmasi balanıń mektepke tayarlıǵı haqqında juwmaq shiǵariw ushın zárúrli hám jetkilikli komponentlerge iye bolıwı kerek, onda mektepke psixologiyalıq tayarlıq diagnostikasınıń qollanilatuǵin metodları balanıń joqarida aytip ótilgen barlıq sferalarda rawajlanıwın kórsetiwi kerek.

Mektepte oqıwǵa psixologiyalıq tayarlıq diagnostikasi ushın biziń usınıs etetuǵin metodikalarımiz jetkilikli nátiyjeli hám qollanıw ushın qolaylı. Bul metodikalardıń psixologiyalıq mazmuni ápiwayi. Ámeliy psixologqa mina nárseni esapqa alıwǵa tuwra keledi, onıń ózi joqari mamanlıqqa iye psixodiagnostikalıq metodikaları da ayrıqsha sapali, informativ bolıwı múmkin, yaǵnıy tek jeke ámeliyat procesinde ǵana, tańlap alǵan metodikanıń barlıq texnikalıq hám mazmunlıq aspektlerin meńgerip ala otırıp, biz metodtiń ózin, onıń nátiyjeliligin jetkilikli dárejede bahalay alıwımiz hám alınǵan nátiyjelerdi dóretiwshilik penen interpretaciyalawimiz múmkin. Sebebi, mektepte oqıwǵa psixologiyalıq tayarlıqti

anıqlawdıń tiykarǵı maǵanasi mektepke shekemgi jastaǵi bala shaxsına jeke tásir kórsete alıwdi támiyinlewden ibarat.

Mektepke shekemgi hám mektep mákemeleri psixologları tárepinen ótkeriletuǵin psixologiyalıq izertlewdıń tiykarǵı maqseti – olar menen arnawlı túrde jumıs alıp bariwǵa mútáj balalardı anıqlawdan ibarat. Sonıń ushın da, psixodiagostikani ótkeriw barısında balanıń tiykarǵı mashqalaların (intellektuallıq hám jeke) belgilep qalıw kerek hám sonıń menen birge zárúrli psixokorrekciyalıq jumıs jobasın da dúzgen maqul.

## 1.3 Mektepke shekemgi tárbiya jası dáwirinde oqıw iskerliǵi

Oqıw xızmeti mashqalası-jas hám pedagogiqalıq psixologiyanıń oraylıq mashqalalarınan biri bolıp esaplanadı. Baqsha mekemelerinde balalardı oqıtıwǵa biziń mámleketimizde baslanǵısh mektep tálimine tayarlaw paǵanası sıpatında qaraladı. Sol sebepten de «Kadrlar tayaralw milliy baǵdarlaması»nda belgilengenindey baqshadaǵıtálim úziliksiz tálimniń dáslepki basqıshlarınan esaplanadı.

Nemec psixologı O. Kronnıń pikirinshe úsh jasar bala oǵan berilip atırǵan bilimdi ózlestiriwge, yaǵnıy  aytqanda tálim alıwǵa qádirdur. V.Shtern bolsa qarama-qarsı nazariyanı alǵa súrdi. Onıń pikirinshe ómirdıń dáslepqi altı jılında bala alǵan bilimler ózine tán tárizde iyeleydi. Baqsha balası ele oqıw ushın ańlanǵan irodaǵa iye emes, mektep oqıwshısı bolsa oqıwda berilgen materiallardı ańlı tárizde ózlestiriw niyeti hám bul bilimlerden óziniń qeleshegi ushın múlq sıpatında paydalanıw barlıq halınsha saqlap qalıw niyetinde boladı. Shtern «baqsha balası oyını búgini menen sonday-aq bánt erteńgi qún keleshek ushın bir nárseni iyelew niyetinen uzaqdur» deydi. Onıń oqıwı basqa xızmettiń jemisi esaplanıp, «ańsız tárizde tańlaw» tiykarında payda boladı.

J.Piaje balanıń jámiyetlik maslasıwı barısında (jasaw shárayatına maslasıwında) intellekt operaciyaları struqturası rawajlanıwı júzege keledi deydi. №ánshelli joqarı intellektual operaciyalar «Anıq operaciyalar», «formal operaciyalar», «invormantlılıq», «múnásebetlilik» hám basqalar payda bolıwı hám rawajlanıwı óz nızamlarına iye. Tálim biraq aqlıy ósiwdi tezlestiriwi yaqi páseytiriwi múmkin lekin oǵan tábiiy tásir etpeydi. J.Piaje hám onıń dawamshıları tafaqqur qarar tappaǵan bolsa pikirlewge úyretiwden máni joq deydi. Tálim bala rawajlanıwı nızamlıqlarına boysınıwı lazım. L.S.Vıgotskiy baqsha balasınıń psixologiq qásiyetlerin pedagogiq tásir áhmiyetiniń analizi menen tutas baylanısta úyrenip baradı.

Baqsha dáwirinde oqıtıwdıń áhmiyetli payıtlarınan biri deydi. Vıgotskiy balanıń úlkenler talaplarına múnásebetleri. Sonday etip shet el hám rus psixologları mektepke shekemgi tálim meqemelerinde beriletuģın tálimge itibar beredi.

Ómirdıń dáslepki úsh jılında bala anası yaqi basqa kisiler máselen, tárbiyashı dástúri boyınsha emes, bálqi óziniń dástúri boyınsha oqıydı. Bul dáwirde balanıń ol yaki bul bilim hám kónlikpelerin ózlestiriwi waqtında ayrıqsha talaplar qoyılmaydı. Eń birinshi balalıq dáwirinde tárbiya dástúri ele subektiv sıyaqlı bala ushın payda emes. Sistematiq oqıwģa uqıplı bolģanģa shekem ol tayarlaw basqıshın basıp ótedi. Bul basqıshta shetdegi basqa qisilerdıń balaģa salıstırģanda jańa talapları áste-aqırın onıń «óz dástúrine» aylanıwı lazım. Baqsha jas dáwiriniń aqırlarına barıp ģana, bala úlkenler tárepinen islep shıģılģan «dástúr boyınsha» oqıy baslaydı hám mektep talaplarına áste ámel qıla baslaydı.

L. S. Vıgotskiydıń pikiri boyınsha baqsha jas dáwiri tálim dástúri:

1) balanıń mektep dástúrine jaqınlasıwı, onıń bilim sheńberin keńeytiwi, predmetli tálimge tayarlawı;

2) balanıń óz dástúri bolıwı hámde onıń qızıģıwı hám mútájliģine juwap beriwi lazım.

Sonday-aq, L.S.Vıgotskiy balanıń psixik rawajlanıwında, tálimniń jetekshi roli haqqındaģı nızamı ilgeri súrdi hám anıq sıpatladı; tálim rawajlanıwdan aldında baradı hám óziniń arqasınan onı jetekleydi.

Oqıw xızmeti balalardı quwanıshlı qılıwı, olarģa zawıq berip, qanıqtırıw tuyģısın oyatıwı kerek. Eń birinshi balalıq dáwirinen-aq balalarda biliwge qızıģıwdı tárbiyalaw úlken áhmiyetke iye. Sebebi biliwge umtılıwı insan xızmetiniń áhmiyetli motivlerinen bolıp esaplanadı, barlıq psixik funqciyalarģa unamlı tásir etedi, qábiletti aktivlestiredi, qızıģıwshılıģı artadı. Bunı ásirese, baqsha balasınıń oqıw xızmetin dúziwde itibarģa alıw kerek.

Pedagog hám psixologlardıń alıp barģan izertlewleri oqıwģa bolģan qızıģıwlarınıń payda bolıwı hám rawajlanıwınıń tiykarģı sharayatın ajıratıw imkanıń beredi.

1.Oqıw xızmeti sonday shólkemlestiriliwi kerek, bala onda aktiv qatnassın, jańa bilimlerdi óz betinshe izenıwı hám tabıwına urınsın, mashaqatlı hárakterge iye bolǵan sorawlardı sheshsin.

2. Oqıw xızmeti hár túrli bolıwı kerek. Bir túrlilikqe iye bolǵan materiallar hám bir túr usıllar balalardı tez zerqtirip qoyadı.

3. Bala berilip atırǵan materiallardıń kerekligi hám áhmiyetliligin túsinıwı kerek.

4. Jańa berilip atırǵan material ilgeri ózlestirilgeni menen jaqsı baylanısqan bolıwı kerek.

5.Júdá jeńil bolǵan hám qútá mashaqatlı material qızıǵıw oyatpaydı. Oqıw tapsırmaları baqsha jasındaǵıbalalar ushın qıyın, lekin imqaniyatı jetetuǵın dárejede bolıwı kerek.

6. Balanıń bárshe jetiskenliklerin unamlı bahalaw lazım. Unamlı baha biliwge qaramastan aktivlilikti qúsheytedi.

7. Oqıw materialları jarqın hám emocional bolıwı kerek.

A.P.Usovanıń pikirinshe, oqıtıp atırǵan materialdı basqara almaslıq hádiysesi háreketiniń usılları júdá ańsat usılına tiykarlanǵan, burın qórsetilgen natuwrı tárbiya tásiriniń jaman nátiyjesi.

Áyne waqıtta, qóbinese tálim alıwǵa tayarlıqtıń tómendegi bólimleri ajıratıladı:

1. Pikirley alıw sıyaqlı xızmetiniń ulıwmalasqanlıǵı.
2. Ámeliy hám sóz logikalıq tárepleriniń óz-ara áwmetli belgilewshi seziminiń aqlanılǵanlıǵı.
3. Sana sezim xızmetiniń elastikliǵi.
4. Sana sezim xızmetiniń turaqlılıǵı.
5. Sana sezim ǵárezsizligi hámde onıń járdemge maslıǵı.

A.P.Usova baqsha jas dáwirindegi balalar tárepinen oqıw xızmeti ózlestirilgenliginiń anıq belgilerin kórsetedi. Ózlestiriwdıń úsh dárejesi ajıratılıp, olar oqıw xızmeti rawajlanǵanlıǵınıń túrli dárejelerin hárakterleydi.

1-dárejesi. Biliw xızmetiniń bárshe túri maqsetke qaratılǵanlıǵı menen oqıwǵa aktiv hám qızıǵıwshań múnásibet, ózinıń háreketlerin baqlaw hám erisilgen nátiyjelerin bahalaw qábiletine iyeliǵi menen parıqlanadı. Ózlestirilgenler tiykarında balalar ámeliy hám teoriyalıq xızmetine qurbı jetetuǵın wazıypa lardı sheshe aladı.

2-dárejesi-qúshsizireq. Oqıw xızmetin iyelewdıń bárshe kórsetkishleri jeterli rawajlanbaǵan. Lekin sonıń menen birge balalar tálimindegi geybir awısıwlar bunnan uzaq emes.

3-dárejesi. Shınıǵıwlarda sırtqı intizamnıń oqıw xızmeti qáliplesiwindegi baslanǵısh dáwir.

## *Bap boyınsha juwmaqlar*

Juwmaqlastırıp aytqanımızda, jeke shaxs basqıshpa-basqısh rawajlanadı, bir basqıshtan ekinshisine ótiw jeke shaxstıń sociallıq oy-óristiń keńeyiwi, ósiwi hám sociallıq óz-ara háreket radiusınıń bunnan bilayda ósiwi baǵdarinda háreket etiwge tayar ekenligi menen aldin ala sheshiledi.

Jámiyet sonday tárizde dúzilgen, bunda adamnıń sociallıq múmkinshilikleriniń rawajlanıwı unamlı qabıllanadı, jámiyet usi tendenciyanıń saqlanıp qalıwına járdemlesiwge, sonday-aq rawajlanıwdıń durıs izbe-izligin hám tiyisli tempin saqlap túriwǵa urınadı.

Mektepke shekemgi jasta balanıń jeke qásiyetleri onıń basqa balalar hám úlken jastagilar menen óz-ara qatnasın tártipke salıwshi hám sociallıq-mádeniy rawajlanıwınıń bunnan bilayda tezlesiwine tásir etiwshi áhmiyetli faktor sıpatında xizmet atqara baslaydı. 3-7 jasta júz beretuǵin tereń ózgerisler, balanıń sociallıq ortalıqqa kirip bariwi menen bul jastı shaxstıń qáliplesiwiniń baslanǵish dáwiri sıpatında qarawǵa boladı.

«Jeke shaxstıń rawajlanıwı» ózine sub`ektivliktiń tórt formasın qamtıwshı bir pútinliktiń ayrıqsha formasınıń qáliplesiwi bolıp tabıladı: duńyaǵa vital` qatnas jasaw sub`ekti, predmetlik qatnas sub`ekti, qarim-qatnas sub`ekti, sana-sezim sub`ekti. Adam shaxs sıpatında rawajlana otırıp, óziniń jeke tábiyatin jaratadi hám rawajlandirad, mádeniy predmetlerdi ózinikine aylandiradi hám dóretedi, áhmiyetli adamlar toparinda boladı, ózin óz-ózine kórsetedi.

Mektepke shekemgi dáwirde tek jeke «MEN»niń ayrilip shıǵıwı menen emes, al balanıń qorshaǵan duńyaǵa qatnasınıń jańa túri menen de baylanıslı minez-qulıqtıń jeke formaları payda boladı. Qunli baǵdarlar úlkenler menen qatnas jasawda, balanıń minez-qulıq normaların hám tártip-qaǵiydaların ózlestiriw processinde dúziledi. Sol waqıtta sociallıq ortalıq penen tikkeley baylanısiw tájriybesi toplanadı. Sociallıq qunlılıqlardı balanıń ózi ushın áhmiyetli nársege aylanıwı adamlardıń óz-ara qatnasiqları hám minez-qulıq tártip-qaǵiydaları menen baylanısti baslaytuǵin emocianallıq sferanıń ózgeriwi járdeminde mektepke shekemgi jasta ámelge asiriladı. Nátiyjede mektepke shekemgi jastıń sońina kelip

tikkeley emocionallıqtan ádep-ikramlılıq bahaları talapnamadan tısqarı jeke bahalarġa aylanadı hám olardıń ol yamasa basqa háreketler hám qilmislar qatnasın bastan keshiriw kompleksine kiritiledi.

Solay etip, mektepke shekemgi jasta jeke genezis sociallıq ortalıqqa qatnastıń, iskerliktiń hár qıylı túrlerine qatnastıń qáliplesiw processınıń baslanıwınan ibarat bolıp, bul uliwma rawajlanıwda jańa formalardıń payda bolıwın bildiredi. Olardıń dáslepki túrlerinde miyrimanlıq, ádillik, juwapkershilik hám basqada ádep-ikramlılıq sipatlar rawajlanadı. Balalar ol yaki bul sipatları boyınsha ajirala baslaydı. Individlik qásiyetler, jeke sipatlamalar hám iskerlik sub`ekti sipatlamaları úlken mektepke shekemgi jasta minez-qulıq hám iskerlik regulyatorları sıpatında kórine baslaydı.

# II BAP. Mektepke shekegi jastaǵi balalardıń mektep turmısına jámiyetlesiw mashqalaların úyreniw faktorları

## II.1. Mektepke shekemgi jastaǵı balalardıń mektep turmısına jámiyetlesiwiniń social-psixologiyalıq faktorları

Biz balalardıń mektep turmısına jámiyetlesiwinde ata-analar menen birge tarbiyashılardıń da juwapkershiligin, bunday balalar menen kóbirek shuǵıllanıwların esapqa alıp, tárbiyashılardıń balalar haqqındaǵıkóz-qarasların úyreniwdi maqset etip qoydıq. Bunıń ushın balalardıń metkep turmısına jámiyetlesiwi haqqında tárbiyashılardıń pikirlerin biliw maqsetinde ilimiy basshımız Q. Tleumbetova menen birgelikte tárbiyashılar ushın arnawlı anketa islep shıqtıq.

Anketa sorawları boyınsha №8 Mektepke shekemgi bilimlendırıw shólkeminiń tárbiyashılarına múráját ettik. Sınalıwshılar baqshada 3-18 jılǵa shekem islegen tárbiyashılar edi. İzertlew 2020-2021 oqıw jılında ótkerildi. İzertlewde jámi 10 tárbiyashı qatnastı. Tómende ótkerilgen sorawnama nátiyjelerin itibarıńızǵa usınamız. Anketanıń birinshi sorawı: "Toparıńızdaǵı balalardıń hámmesi mektep turmısına beyimlesip kete ala ma?", - degen sorawǵa tárbiyashılardıń 83,7%i óz toparındaǵıbalalardıń barlıǵı mektep turmısına beyimlesip kete aladı dep juwap bergen, 16,3%i tolıq beyimlesip kete aladı dep ayta almayman dep juwap bergen.

Anketanıń náwbettegi sorawı "Balalardıń mektep turmısına maslasıwına tásir etiwshi faktorlar" haqqındaǵısoraw edi. Tárbiyashılar balalardıń mektep turmısına maslasıwına tásir etiwinde birinshi faktor sıpatında ata-ananıń roli úlken áhmiyetke iye ekenligin kórsetken. (1- tablicaǵa qarań) respondentlerden 45,7% joqarıdaǵıjuwaptı tastıyıqlaǵan. Haqıyqattan da baqshada tárbiyashı balaǵa jaqınnan qatnasta bolıp mektep turmısına beyimlesiwine tayarlawda qanshelli háreket etkeni menen úyge kelgennen keyin ata-anası sol háreketlerdi bekkemlemese balanıń mektep turmısına maslasıwı qıyın keshedi. 20.4% tárbiyashılar balanıń emocional jaǵdayları jetkilikli dárejede rawajlansa mektep

turmısına maslasıw ańsat boladı dep juwap bergen. Haqıyqattan da, bala da emocional jaǵdaylar jaqsı rawajlansa mektepke tayarlıǵı da jaqsı boladı.

Balanıń mektep turmısına maslasıwın keltirip shıǵarıwshı faktorlar haqqındaǵısorawımızǵa tárbiyashılar tómendegishe juwap berdi:

1-tablica **«Balanıń mektep turmısına jámiyetlesiwine tásir etiwshi faktorlar»** n=10

| | Balanıń mektep turmısına maslasıwın keltirip shıǵarıwshı faktorlar | % |
|---|---|---|
| | Balalardıń mektep turmısına maslasıwına tásir etiwinde birinshi faktor sıpatında ata-ananıń roli | 45.7 |
| | Emocional jaǵdaylarınıń jetkilikli dárejede rawajlanıwı | 20,4 |
| | Shańaraqta salamat turmıs tárzi duırıs jolǵa qoyılıwı | 18.3 |
| | Balanıń individual psixologiyalıq ózgeshelikleri | 11,7 |
| | Balanıń hár tárepeleme deni saw bolıwı | 4,3 |

1-tablicada kórinip turǵanınday 18,3% respondentler "Shańaraqta salamat turmıs tárzi duırıs jolǵa qoyılıwı" balanıń mektep turmısına maslasıwına tásir etiwshi faktor sıpatında qaraǵan. 11,7% respondentlerimiz "Balanıń individual psixologiyalıq ózgeshelikleri", 4,3%i "Balanıń hár tárepeleme deni saw bolıwı" dep juwap bergen. Tárbiyashılardıń pikirinshe shańaraqta salamat turmıs tárziniń durıs jolǵa qoyılıwın da balanıń mektep turmısına maslasıwına tásir etiwshi faktor sıpatında aytıp ótedi.

Tárbiyashılardıń «Balanıń mektep turmısına jámiyetlesiwine tásir etiwshi faktorlar» degen sorawımızǵa bergen juwapların elede anıǵıraq túsindirip beriw ushın alınǵan nátiyjelerdi tómendegi diagrammada súwretlep beriwge háreket ettik.

**Balanıń mektep turmısına jámiyetlesiwine tásir etiwshi faktorlar**




1- diagramma

Anıqlıq 1:

45,7%-Balalardıń mektep turmısına maslasıwına tásir etiwinde birinshi faktor sıpatında ata-ananıń roli

20,4%-Emocional jağdaylarınıń jetkilikli dárejede rawajlanıwı

18,3%-Shańaraqta salamat turmıs tárzi durıs jolğa qoyılıwı

11,7%-Balanıń individual psixologiyalıq ózgeshelikleri

4,3%- Balanıń hár tárepeleme deni saw bolıwı

Solay etip, diagrammada Balanıń mektep turmısına beyimlesiwine tásir etiwshi faktorlar tárbiyashıılardıń pikirinshe, birinshi gezekte ata-ananıń ornın kórsetken.

Endi anketanıń náwbettegi “Balanı mektep turmısına beyimlesiwi boyınsha psixolog penen birge islestińiz be?” degen sorawımızğa tárbiyashılardıń bergen juwapların analiz qılıwğa kirisemiz.

**2-tablica. Tárbiyashılardıń ámeliyachı psixologqa múrájááti**

(n=10)

| | Tárbiyashılardıń ámeliyachı psixologqa múrájááti | % |
|---|---|---|
| | Bir márte | 35.6 |
| | Ushıramadım | 30.5 |
| | Kóp márte | 20.3 |
| | Ózim islegenmen | 8.4 |
| | Ata-ana psixolog penen birgelikte islesiwi zárúr | 5.2 |

Anıqlıq 2:

35.6%- Bir márte

30.5%- Ushıramadım

20,3%- Kóp márte

8,4%- Ózim islegenmen

5,2% -Ata-ana psixolog penen birgelikte islesiwi zárúr.

Joqarıdağıtablicadan kópshilik tárbiyashılar, yağnıy 35,6% respondentler bala haqqında baqsha psixologına tek ğana bir márte múrájáát qılğanlığı, nátiyje bolmağannan keyin, basqa múrajáát etpegenligi kórinip tur. 30,5% tárbiyashılar bolsa "ushıramadım" dep aytqan.

Demek, joqarıdağıtablicada kórinip turğanınday, kópshilik tárbiyashılar balalar haqqında qanday da bir márte de baqsha psixologına múrájáát qılmağan, sebebi bunıń paydası joq, dep esaplaydı. Onnan da kóbirek tárbiyashılar tek bir márte ğana múrájáát etkenligin aytıp ótken. Bul juwaplardan balalardıń mektep turmısına beyimlesiw mashqalası aktual mashqala ekenligi kórinip tur.

Tárbiyashılarımızdıń balalardı metkep turmısına tayarlawda ámeliyachı psixolog penen birge islesiw boyınsha alğan nátiyjelerdi tómendegei gistogrammada sáwlelendirip beriwge háreket ettik.

**Tárbiyashılardıń ámeliyachı psixologqa múrájááti.**




2-diagramma

Anıqlıq 3:

35,6%- Bir márte

30,5%-Ushıramadım

20,3% -Kóp márte

8,4%-Ózim islegenmen

5,2% -Ata-ana psixolog penen birgelikte islesiwi zárúr

Solay etip, diagrammada Balanıń mektep turmısına beyimlesiwine tásir etiwshi faktorlar tárbiyashıılardıń pikirinshe, birinshi gezekte ata-ananıń ornın kórsetken.

Anketadağınáwbettegi sorawımız "Balalardı mektepke tayarlawda qanday jumıslar alıp barasız?" degen sorawlarğa alğan juwaplardı itibarıńızğa usınamız.

**3-tablica. “Balalardı mektepke tayarlawda qanday jumıslar alıp barasız?”**

n=10

| | Balalardı mektepke tayarlawda qanday jumıslar islep barasız? | % |
|---|---|---|
| | Jaqın múnásebette bolaman | 55,8 % |
| | Úylerine barıp ata-ana menen birgelikte isleymen | 17,9 % |
| | Oǵan kóbirek waqıt ajırataman | 8,9 % |
| | Kóbirek dosları aldında maqtayman | 8,4 % |
| | Qızıqlı ertekler aytıp beremen | 5,7 % |
| | Bárqulla baqlap baraman | 3,3 % |

Joqarıdaǵıtablicadaǵı alınǵan nátiyjelerden málim bolganınday respondentlerimizdıń 55,8%i topardaǵıbalalar menen jaqın múnásebbette bolaman. Sol arqalı bala erkin boladı hám metkep turmısına da beyimlesiwde qıynalmaydı dep juwap bergen. 17,9%i balalardıń úylerine barıp pata-anaları menen birgelikte islesemen- dep juwap bergen bolsa, 8,9%i bala menen islesiwge kóbirek waqıt ajırataman (jámiyetke yaǵnıy topraǵa qosılıwǵa qıynalatuǵın balalardı názerde tutqan), 8,4%i balalarǵa aralaspaytuǵın balalardı dosları aldında kóbirek marapatlayman, 5,7%i balalarǵa qızıqlı ertekler aytıp beremen, sebebi ertek balalardı hár tárepleme turmısqa tayarlaydı dep juwap bergen. 3,3% respondentlerimiz bolsa bárqulla balalardı baqlap baraman dep juwap bergen.

“Balalardı mektepke tayarlawda qanday jumıslar alıp barasız? Degen sorawımızǵa jáne de anıqlıq kiritiw maqsetinde tómendegi diagrammanı názerińizge usınamız.

**“Balalardı mektepke tayarlawda qanday jumıslar alıp barasız?”**




3-diagramma

Anıqlıq 4:

55,8% - Jaqın múnásebette bolaman.

17,9 % - Úylerine barı ata-ana menen birgelikte isleymen.

8,9 % - Oǵan kóbirek waqıt ajırataman.

8,4 % - Kóbirek dosları aldında maqtayman.

5,7 % - Qızıqlı ertekler aytıp beremen.

3,3 % - Bárqulla baqlap baraman.

Joqarıdaǵıdiagrammadan kórinip turǵanınday kópshilik tárbiyashılar, anıǵıraǵı 55,8% respondentler bala menen jaqınnan múnásebette bolatuǵınlıǵın aytıp ótken. 17.9% tárbiyashılar úylerine barıp ata-anaları menen birgelikte islesetuǵınlıǵın aytıp ótken. Joqarıda berilgen hár eki juwap ta bir-birine haqıyqattan uzaǵıraq. Sebebi jumıstan keyin kópshilik tárbiyashılarımız, úylerine asıǵadı hám bala menen shuǵıllanıp otırıwına iseniw qıyın. Keyingi berilgen pikirler, yaǵnıy tárbiyashılarımızdıń bala menen alıp barılatuǵın isleri haqıyqatqa jaqınıraq. 8.9 % respondentler “oǵan kóbirek waqıt ajırataman”, 8.4% tárbiyashılar “kóbirek dosları aldında maqtayman”, 5,7% tárbiyashılar bolsa qızıqlı ertekler

aytıp beremen”, 3,3% tárbiyashılar “bárqulla baqlap baraman” – dep ayqan. Mısal retinde X.Mnıń bergen juwaplarınan úlgi keltirip ótemiz. ”Anası menen sáwbetlesemen” dep juwap bergen.

Anketamizdaǵıeń keyingi soraw “qalayınsha agressivlikti joq etiw múmkin? «Mektep turmısına beyimlesiwi qıyın balalar menen qalay islesiw kerek?” degen sorawǵa tómendegi nátiyjelerdi aldıq.

**4-tablica. Mektep turmısına jámiyetlesiwi qıyın balalar menen qalay islesiw kerek?.**

n=10

| | Mektep turmısına jámiyetlesiwi qıyın balalar menen qalay islesiw kerek?. | % |
|---|---|---|
| | Balanıń ata-anası menen tárbiyashı jaqınnan islesiwi | 48,7 |
| | Qosımsha shınıǵıwlar, oyınlar, treningler ótkeriw | 15,2 |
| | Balalardıń qızıǵıwshılıqların arttırıw | 13.4 |
| | Psixolog penen birge islesiw | 8.4 |
| | Kóbirek jańa metodlardan paydalanıw | 5.9 |
| | Balalar sanınıń 20dan aspawı | 4,5 |
| | Balalar arasında salamat psixologiyalıq klimattı jaratıw | 3.9 |

Joqarıdaǵıtablicada kórinip turǵanınday, kópshilik, anıǵıraǵı 48,7% tárbiyashılardıń pkirinshe, balanıń ata-anası menen tárbiyashı jaqınnan birge islesiw arqalı balanı mektep turmısına beyimlestiriw múmkin eken.

Bunday juwaplarǵa mısal retinde tárbiyashı Xalmuratova Jamilanıń juwaplarınan úlgi keltirip ótemiz: “Topardaǵı balalar ortasındaǵıbaylanıstı jolǵa qoyıw, dostana múnásebette bolıw, ata-ana hám baqsha baylanısınıń úzliksizligin támiyinlew, tárbiyashı tárepinen bilim hám talapshańlıqtıń ózi de balanı mektepke beyimlestiredi” dep dazıp qaldıкǵan.

15,2 % respondentlerimizdıń pikirinshe, qosımsha shınıǵıwlar ótkeriw múmkin, - dep kórsetedi. 13,4% respondentler “Balalardıń qızıǵıwshılıqların arttırıw” arqalı balanı mektep turmısına beyimlestiriw múmkin, - dep esaplaydı.

Usınday juwaplarǵa úlgi sıpatında tárbiyashı Jumabaeva Shiyrinniń juwaplarınan úlgi keltirip ótemiz: “Balanı mektep turmısına beyimlestiriw ushın

kóbirek tárbiyashı, balalardıń psixologiyasın úyrengen halda, múnásebette bolıwı kerek.

8,4% respondentler psixolog penen birge islesiw arqalı, 4,5% tárbiyashılar balalar sanınıń 20dan asırmaw arqalı, 5.9 % respondentler kóbirek jańa metodlardan paydalanıw arqalı, 3,9 % tárbiyashı “Balalar arasında salamat psixologiyalıq klimattı jaratıw” arqalı balanı mektep turmısına tayarlaw múmkin dep esaplaydı.

Respondentlerimizdıń «Mektep turmısına beyimlesiwi qıyın balalar menen qalay islesiw kerek?-degen sorawımızǵa alǵan nátiyjelerimizge anıqlıq kiritiw maqsetinde nátiyjelerdi biz tómendegi diagrammada sáwlelendirip beriwge háreket ettik.

«**Mektep turmısına beyimlesiwi qıyın balalar menen qalay islesiw kerek?**




4-diagramma

Anıqlıq 5:

48,7%- Balanıń ata-anası menen tárbiyashı jaqınnan islesiwi

15,2%- Qosımsha shınıǵıwlar, oyınlar, treningler ótkeriw

13,4%- Balalardıń qızıǵıwshılıqların arttırıw

8,4%- Psixolog penen birge islesiw

5,9%- Kóbirek jańa metodlardan paydalanıw

4,5%- Bala sanınıń 20dan aspawı

3,9%- Balalar arasında salamat psixologiyalıq klimattı jaratıw

Joqarıdaǵıdiagrammadan usı nárse anıqlandı, respondentlerimizdıń 48,7%i eger mektep turmısına beyimlesiwge qıynalatuǵın balalar bolsa, onda bunday balanıń ata-anası menen jaqınnan islesiw kerek sonda ǵana balanı mektep turmısına beyimlesiwi ańsat boladı dep juwap beredi. Respondentlerdıń 13,4%i balalardıń qızıǵıwshılıǵın arttırıw arqalı, 8,4%i psixolog penen birge islesiw arqalı, 5,9%i kóbirek jańa metodlardan paydalanıw arqalı, 4,5%i toparda bala sanı 20 baladan artpasa bull topardaǵıbalalar menen islesiw ańsat, sonıń nátiyjesinde balalardıń psixologiyasın túsinip, olardı mektep turmısına ańsat beyimlestireseń dep juwap bergen.

Mısal retinde Tleumuratova Gulmiranıń bergen juwabın analizlep qaraǵanımızda meniń toparımda 34 bala bar olar menen islesiwaǵan qıyınshılıq tuwdıradı, olardıń hár biri menen jaqınnan islese almayman, jaqınnan islese almasam onı mektepke qalay tayarlıǵın rawajlandırman dep juwap bergen. Haqıyqatında da toparda bala sanınıń kóp bolıwı hár tárepleme qıyınshılıqlardı keltirip shıǵaradı. Respondentlerimizdıń 3,9%i balalar arasında salamat psixologiyalıq klimatı jaratıw arqalı balalardı mektep turmısına beyimlestiriw múmkin dep juwap bergen. Solay etip, balanıń mektep turmısına beyimlesiwinde alıp barılatuǵın jumıslar haqqında tárbiyashılardıń pikrleriniń analizi sonı kórsetedi, ata-ananıń, tárbiyashı, psixolog birge islesiw arqalı balanı mektep turmısına beyimlestiriw múmkin eken.

## II.2 Mektepke shekemgi jastaǵı balalardıń mektep turmısına jámiyetlesiwin rawajlandırıw metodikası

Mektepke shekemgi jastaǵı balalardıń tiykargi iskerlik túri oyın esaplanadı. Oyın arqalı balalarda mektepte bilim alıw, jańa ortalıqqa beyimlesiw kónlikpeleri rawajlandiriladı. Bala marjanlardı jipke terip, olardı úlken-kishiligi boyınsha ajıratıp, olshem haqqında túsinikke iye bolıp atirǵanliǵi yamasa oyınshiq mashinani belgilengen jol boyınsha júrgizip, kenislik haqqındaǵıoyın ózi bilmegen halda rawajlandiradi.

Mektepke shekemgi dawirde balalar júdá kóp nárseni ózlestiriwi múmkin ekenligi kóplegen izertlewlerde dálillengen. Biraq balanıń imkaniyatları sheksiz emes, bala imkaniyatları jas hám psixofiziologiyalıq ózgeshelikler menen shegaralanǵan.

Mektepke shekemgi tálim mekemelerinde psixolog tárepinen ótkeriletuǵin shiniǵiwlar rawajlandırıwshi xaraktergt iye bolıwı kerek. Rawajlandırıwshi oyın hám shinigiwlardın‘ mazmuni balanıń psixikalıq rawajlanıwın aldiǵa súriw, onıń qabıl etiwi, diqqati, este saqlawi, oylawi, sóylew tili, xareketi, ixtiyariy minez-qulqı, yaǵnıy bala tárepinen tiykarǵı oqıw dástúrin nátiyjeli ózleshtiriw tiykarın shólkemlestiret`uǵin psixikalıq funkciyalar hám shaxsıy sipatlardı jetilistiriw bolıp tabıladı.

Oyınlar balada maqsetke baǵdarlanǵan esitiwdi qabıl etiw, este saqlaw, diqqatti rawajlandırıwǵa kómeklesiwi kerek.

3-4 jasli balalar ushın oyın hám shinigiwlardı tańlaw qizigiwshilıq, sadalıq, shólkemlestiriwdin‘ qolaylıliǵi principi tiykarında quriladı. 2-3 jasli balalar menen oyınlar ata-analar yamasa tárbiyashilardıń qandayda bir ayrıqsha bilim yamasa kúsh talap etpeydi, material wazıypa sın istegen úydegi bar nárseler, ádette hár bir balaǵa satip alinatuǵin apiwayi oyınshiqlar atqaradi. Bul jastagi balalar ushın arnawlı rawajlandırıwshi oyınshiqlar kóp emes, kubikler, mozaikalar, esap tayaqshaları, magnitli álipbe, qirqilatuǵin súwretler. Olardın‘ kopshiligi kóp funkcional bolıp, bir jola bir neshe psixikalıq funkciyalar rawajlanıwına

kómeklesedi. 4-5 jasli balalar diqqattiń kóbirek turaqliliǵi, este saqlawınıń rawajlanıwı, sóz bayliǵiniń aktiv osiwi, sóylew tili, iskerligin rejelestiriw hám shólkemlestiriw funkciyasın iyelew menen ajiralıp turadi. Bul jasta oylaw tez rawajlanadı: sırtqı belgilerine góre uliwmalastırıw menen bir qatarda balalar buyimlardın‘ sıpatı, wazıypa si, olar menen islew usılina góre birlestire baslaydı. Olar ózińe tanis situaciyalarda sebep aqibet baylanısların ornatadi. Balanıń fizikalıq rawajlanıwı, qoldin‘ názik motorikasi, rawajlanıwı intensiv túrde kúsheyedi. Bul jasta bala qálem, boyaw, plastilin, qayshi menen jaqsi isley aladı. Bul predmetler menen háreketleri taza hám anıqlasip baradı.

5-6 jasta balanıń bilimler kólemi aktiv keńeye, sonlıqtan onıń aqliy iskerligi, xarekteri de ózgeredi, ol tusiniw, aktiv analiz hám sintezge tiykarlanadı. Kórgizbeli – obrazli oylawdıń rawajlanıwı menen bir qatarda logikalıq oylaw da qáliplese baslaydı. Oylawdıń rawajlanıwı menen analiz detallasip, sintez jáne de uliwmalasqan hám anıq bolıp baradı. Bala endi atirapindaǵıpredmet hám hádiseler ortasındaǵıbaylanısti, ol yamasa bul hádise sebeplerin túsine aladı.

6-7 jas syujetli hám rolli oyın júzege keletuǵin hám rawajlanatuǵin dawir. Bul basqıshta jáne de quramalı, jamaatli túrli psixikalıq funkciyalar hám shaxsıy sipatlardıń rawajlanıwı, qatarları menen qarim-qatnas hám birge islesiw kónlikpelerin iyelew, ixtiyariylıqtin rawajlanıwına kómeklesiwshi oyınlardı shólkemlestiriw imkaniyati tuwiladı.

Mektepke shekemgi jastaǵi úlken jastaǵı balanıń este saqlawi jáne de turaqlasip baradı. Onıń este saqlawi kóbirek eslew xarakterin qabıl etedi. Balanıń sóylew tili intensiv rawajlana baslaydı, ol sóz bayliǵiniń artiwi hám quramalı strukturası menen xarakterlenedi.

Mektepke shekemgi jas dawirinin aqirina kelip bala ixtiyariy, yaǵnıy sanasi basqarilatuǵin minez-qulıqqa jeterli dárejede iye baladı. Bala ózi oylap tapqan emes, balki sirttagi berilgen ayrıqsha qagiydalarǵa boysinip háreketleniwge úyrenedi. Sol menen birge bul jasta balalar ele tásirshenligi, emocionalliǵi, tez sharshap qalıwı menen ajiratlip turadi. Sol sebepli rawajlandırıwshi oyın hám

shinigiwları menen bir qatarda dem alıw, sharshaǵandi jumsatiwga qaratilǵan oyınlar oynawi kerek.

Solay etip, psixolog mektepke shekemgi jastagi balalar menen alıp barilatuǵin rawajlandırıwshi jumıslar rejesin dúzer eken balanıń túrli jas dawirinde rawajlanıwdin' tiykargi psixologiyalıq nizamlıqların biliwi hám hár bir balanıń individual ózgesheliklerin esapqa alıw zárur.

Tómendegi keltirilgen oyınlar erte jastagi balalar ushın mólsherlengen bolıp, mektepke shekemgi tálim mekemeleri tárbiyashiları hám ata-analar tárepinen balalardıń biliw processlerin, átirap-dógerek penen tanistiriw, kórsetpege qarap islew kibi bilim hám kónlikpelerdi rawajlandırıwda paydalaniladı.

**1. "Uysheler oyını"**

Bul oyın balalardıń diqqatin rawajlandiradi (predmetlerdin' anıq izbe-izliginde jiynalıwı).

Kishkene bala aldina flamaster yamasa qálemler toplamin qoyadi hám súwret siziwdi soraydi. Súwret sizip bolǵanıńan keyin bala hár qaysi flamaster yamasa qálemlerdi oz "uyshe" (qálem yamasa flamasterler ushın mólsherlengen qutishalardaǵıoyiqshalarga)sine jaylastiradi. Qánige yamasa ata – analar hámme flamasterlar tártip penen qapqaqları, qálamler bolsa ushi shiǵarilǵan tárepi menen joqariga qaraǵan halda jaylastirilǵanliǵin baqlap baradı.

**2. "Kubiklerdegi súwretler"**

Oyın processinde balalar óz xareketlerin basqariwǵa va erkin háreket qiliwga úyrenedi. Psixolog dáslep balalar menen birgelikte súwretlerdin' úlgisin kórip shiǵadi. Sońinan balalarǵa kubiklerden usinday súwret jiynawdi usınıs qiladı, záruriyat tuwilǵanda úlkenler tárepinen balalarǵa járdem beriledi. Dáslep balalarga tórt kubikten, sońinan balalardıń imkaniyatina alti hám onnan da artiq kubiklerden súwret duziw usınıs. Kubiklerdegi súwretler artiqsha detallarsiz yamasa apiwayi syujetli súwretlerden ibarat bolıwı kerek.

Misalga, 4 kubikten tómendegi formalardı jiynaw.



(Hár qaysi figura túrli ren)

qizil – 

jasil – 

kók - 

**3. “Bóleklerden pútun jasa”**

Bul oyın balani tek ǵana talap etilip atirǵan natiyjege erisiw ushın óz iskerligin qadagalawǵa, balki qabıl etiwdi (yaǵnıy bóleklerge ajiratilǵan súwretti tolıq kóre alıw) rawajlandırıwga úyretedi. Psixolog bala menen birgelikte súwret úlgisin kórip shiǵadi. Dáslep eki bolekten, keyninen ush hám tórt bólekten ibarat bolǵan súwretti (balanıń imkaniyatina qarap) jiynap beriwdi usınıs qiladı. Zaruriyat tuwilǵanda úlkenler tárepinen balalarǵa járdem beriledi. Usi shinigiw ushın apiwayi, bala ushın tanis bolǵan predmetli syujetli súwretler tanlanıwı kerek. Shinigiw dawaminda kóbirek maǵlumatqa iye bolıw ushın, súwretlerdi tómendegi usılda qirqiw kerek (Misalga, chaynek súwreti– kakpak, tutqish).

**4.“Quwnaq formalar” oyıni**

Oyın dawaminda tárbiyashi yamasa psixolog balaǵa tayaqshalardan, shirpi shoplerinen formalar jasasawdi uyretedi.

Dáslep (birinshi baskish) balanıń aldin ‘a úlgi qoyiladı.

Ekinshi basqıshta bala 5-10 sekund dawaminda formalardı baqlap eslep qalıwga háreket qiladı. Sonıńan úlgi alıp qoyiladı hám baladan usinday formanı islew usınıs etiledi. (formalar ornińa háriplerden paydalansa da boladı). Bul shinigiwdi kuramalastırıw da mumkin. Bunda renli formalardan jasalǵan formalardı islep beriw usınıs etiledi. Bala tayaqshalardın ‘ reni boyınsha jaylasqanıń eslep qalıwı, sonıńan erkin turde formanı islep beriwi kerek.

**5 “Formanı tap” oyıni**

Bul oyın dawaminda bala diqqatin jamlewdi hám bóliwdi, ixtiyariy turde psixolog tárepinen usınıs etilip atirǵan formalardı tanlaydı. Balanıń aldin ‘a túrli formalar sizilǵan qaǵaz beti qoyiladı hám bul formalar ishinen tek domalak formasın oshiriw (yamasa domalakti barmaq penen korsetiu) wazıypa si beriledi.

+ 

**6. “Sonday predmetti tap” oyını**

Oyın processinde bala predmetlerdi bir – biri menen salistiriw, ondaǵıaxmiyetli belgilerdi ajiratiw, uksas predmetlerdin ‘ parların tabiw yamasa usinilip atirǵanlardan birin tanlawdı úyrenedi..

a) balanıń aldin ‘a súwret qoyiladı hám eki bir-birine usas bolǵan predmetti tabiw wazıypa si beriledi.



b) ekinshi súwrette bolsa formalar sizilǵan bolıp, olardın ‘ ishinen birinshi qatarda berilgen formanıń kopiyasın tabiw wazıypa si beriledi.



**7. Ixtiyariy iskerligin rawajlandırıw**

Ixtiyariy iskerlikti rawajlandırıw ushın balani fizikalıq miynetke baǵdarlaw paydali boladı.

Misalga, baladan buyimlardaǵıshanlardı artiw, poldi juuiw, sipiriw kibi jumıslarıın orınlaw soraladı. Bala bul jumıslardı juwmaǵina jetkeriwi júdá áhmiyetli bolıp, oǵan tómendegishe kórsetpe beriw kerek: “Hár qanday jumıs óz baslanıwı, ortasi hám aqirina iye. Biz házir wazıypa ni tek ǵana ortasına shekem orinladık, biraq oni akirina jetkerip qoyiwimiz kerek”.

**8. Qum menen oynalatuǵin oyınlar.**

Bul oyınlar tek ǵana ixtiyariylıq hám erkinsiuleri formalandiradi, sol menen birge balanıń oylawın rawajlandiradi.

Balaǵa “saray”, “qala diywali”, “shuqirsha” qaziw usınıs qilinadı. Shuqirsha túbine jeńil taxtasha yamasa japiraq salinadı hám sońinan suw quyiladı.

Qum oyıni ushın balaǵa arnawlı oyınshiq – formalar, kuraqsheler, haywanlar súwretlengen oyınshiqlar beriledi.

**9. “Segen doskasi”**

Bul oyın processinde bala hár bir predmetti óz ólshemine qarap jaylastırıwdi, erkin túrinde, izbe-izlikte wazıypa ni orınlawǵa, logikalıq oylawǵa qiliwga úyrenedi. Bala aldin ‘a stol ustinde túrli formadaǵıoyınshiqlardan ibarat bolǵan doska hám oǵan mas túrli formalar qoyilǵan.

Dáslep tárbiyashi bala menen birgelikte doskadaǵıoyınshiqlardı hám olarga mas keliwshi formalardı baqlaydı. Sońinan usi formalardı mas keliwshi oyiqlarǵa jaylastırıwdi usınıs etedi.

### 10. “Ajayip kaltasha” (siykirli kaltasha)

a) Bul oyın dawaminda tárbiyashi yamasa ata – ana kishkene balaǵa predmetlerdi úlken – kishiligine qarap bolistiriwdi uyretedi. “Siyqirli qaltasha”ga túrli predmetler salinadı, olar úlken va kishkene kubikler, qálem, sharlar, piramida, xalqalar, giltler x.t.b. Tárbiyashi balaǵa kaltashaga qolin salıp qandayda bir predmetti alıwdi aytadi. Bunda balanıń háreketlerin analizlep turadi: “Sen neni taptin? Toptima, ol qanday? Úlkenbe yamasa kishkeneme? Topti ne qiliw mumkin? (joqariga, tómenge ilaktiriw)” Bul oyındi 2-3 jasli balalar menen oynaw mumkin.

b) Bul oyın balani predmettin uzinligi, juuanligi hám kenligi boyınsha ajiratiwga uyretedi. Kaltashadaǵıpredmetlerdi teri-taktil sezgisi yagniy siypalaw arqalı qanday formada (úlken hám kishkene giltler, úlken hám kishkene sharlar, úlken hám kishkene toplar) ekenligin tabiwi kerek. Bul oyın 3-4 jasli balalar ushın mólsherlengen.

**11. “Formalı piramidalar” oyıni**

Bul oyın ushın balaǵa eki bir túrdegi formalardan (zamariq, úysheler) ibarat piramida kórsetiledi. Bir piramida bala wazıypa sın orınlawi ushın, ekinshisi bolsa úlgi sıpatında qollaniladı. Bala úlgidegi piramidalar qanday tártipte terilgen bolsa, sol tártipte formalardın ‘ ólshemine qarap jaylastırıwi kerek.

Oyın tómendegi tártipte otkeriledi: dáslep psixolog yamasa tárbiyashi balaǵa formalardı shiǵariwdi, sońinan bolsa sol tártipte jiynawdi usınıs etedi. Tárbiyashi balanıń háreketlerin baqlap, balanıń diqqatin úlgige qaratip, formalardı jiynawga járdem beriwi kerek: “Kel, qarayiq piramidanıń eń astında qanday forma bolıwı kerek eken? Endi sonday formanı tawamiz hám jayina qoyamiz”. Eger bala tuwri tapqan bolsa, oni álbette maqtaw kerek: “Barekella. Formanı tuwri taptin”.

Eger nadurıs tapqan bolsa: “Meninshe, bul forma tuwri kelmeydi. Sen qalay oylaysan, formalardı bir-biri menen salistirip kórshi”. Eger bala usinday hám qiynalsa onıń ornińa orinlamastan, jáne bir imkan berip, kerekli bolġan formanı korsetip: “Balki bul forma tuwri keler? Kel, háreket qilip kóremiz” dep balani tuwri orınlawġa baġdarlap túriw kerek.

Bazida kishkeneler, úlkenlerdin ‘ járdemisiz piramidani jiynay baslawi mumkin, tuwri orinlap atirġan bolsa, álbette oni maqtap qoyiw, eger nadurıs orinlap atirġan bolsa, kanige balanıń diqqatin úlgige qaratiwi, yagniy “qarashi, mina formanı tuwri qoydin ‘ba? Kel, jáne bir háreket qilip kóremiz. Sen asikpa, dáslep neden baslaw kerekligin oylap kóremiz. Isenemen, endi formalardı piramidaga tuwri jaylastirasan”. Eger balanıń ózi katesin tapsa, buniń ushın da oni maqtap qoyiw kerek. “Tuwri, bul forma jayinda emes. Jaqsi, óziń tuwrisin taptin!”.

Eger bala piramidaga qizigiwshiliġin joġalca, oni tapsırmanı orınlawġa majburlemeslik kerek.

## II.3. Mektepke shekemgi jastaǵı balalardıń mektep turmısına jámiyetlesiwinde shanaraqtın roli

Ózbekstan Respublikasında Mektepke shekemgi tálim hám tárbiya nızamına muwapıq bala mektepke shekemgi tálimdi úyde ata-analardıń ǵárezsiz tálim beriwi arqalı yaki hár dayım xızmet kórsetetugın mektepke shekemgi tárbiya mekemelerinde, mekteplerde, máhállelerde shólkemlestirilgen arnawlı toparlar yáki oraylardı óz ishine aladı.

Balalar tárbiyasındagı turaqlılıqtın hám úzliksizliktiń tiykarǵı shárti shańaraq hám balalar baqshası ortasında hámiyshe baylanıs ornatıw bolıp tabıladı. Bala tárbiyasında shańaraqtıń bárshe aǵzalarınan tek balalarǵa qaratılǵan tuwrı múnásiybeti emes, bálkim olardıń taǵdiri ushın ullı wazıypa sezimin de talap kılıwwshı qıyın hám quramalı wazıypadan ibarat bolıp esaplanadı.

Shańaraqta tárbiyanı hár tárepleme, atap aytqanda riwhıy, ádep-ikramlılıqtı, estetik, fizikalıq hám miynet tárbiyaların birgelikte alıp barıw jaqsı nátiyje beredi.

Riwhıy tárbiyanı balaga ótmishte Watannın rawajlanıwı, el-jurt tınıshlıgı hám abadanlıgı jolında gúresken xalıq qahármanları haqqında sóylep beriw, mámleketimizdıń nıshan belgileri menen tanıstırıw, garezsiz, Watan haqqındagı qosıqlardı yad aldırıw, qádiriyat hám úrip-ádetlerimizdi úyretiw arqalı sińdırıw múmkin.

Shańaraq tárbiyası dawamında shaxstın bir qatar etikalıq tárepleri sonday qáliplesedi, basqa hesh qaysı tárbiya obyekti shańaraqtagıday bolıp joqarı nátiyje bermeydi. Olarǵa insanıylıq, miyrim-shápaatlılıq, hámdartlik, qarım-qatnas mádeniyatı, májburiyatı hám opadarlıq minnetdarshılıq kibi insanıy pazıyletler turadı.

Keleshek awladqa estetik tárbiya beriwde de shańaraqtın ayrıqsha ornı bar. Shańaraq ortasında qosıqlar aytılıwı, birde-bir ertek yáki gúrrińdi shańaraq ortasında oqıw, birge spektakl hám kino kóriw hám onı talıqlaw, kiyiniw

madaniyatın qáliplestiriw, úyde gúller ósiriw, súyret salıw hám tagı da basqalar balanın estetik tárbiyasın qáliplestiriwdegi tárepleri esaplanadı.

Ata-analar er jetip atırǵan perzentleriniń fizikalıq barkamallıgına ayrıqsha juwapkershilik penen qaraw lazım. Máselen: tańgı dene tárbiya shınıgıwların balalar menen birgelikte islew, tuwrı hám vitaminlestirilgen awqat beriw dem alıwdı, uyqını tuwrı shólkemlestiriw waqtında shıpaker kóriginen otkiziwleri záriwr.

Bala turmısında miynet tárbiyası kerek esaplanadı. Balalardı miynet súyiushilik riwhında tárbiyalaw, olarda miynet qılıw ádebin qáliplestiriw hám kónlikpeler payda qılıwda, olardın qızıgıwların esapka alǵanda ǵana erisiledi.

Ata-analar balanı mektepke tayarlawda miynet kónlikpe hám tájriybe payda etiwge, miynetke mútájligin tárbiyalawǵa, basqalardın miynetin qádirlewge, miynet nátiyjelerin asırap-abaylawǵa úyretiwge shuqır itibar beriw lazım. Miynet balalarda tırısqaqlıq, dıqqatlılıq, tártip-tazalıqtı tárbiyalaw, sonday-aq maqsetke erisiwde aqıl hám shıdamlılıq siyaqlı sezimlerdi rawajlandırıw quralı. Mektepke shekemgi tárbiya jasındagı balalardı shańaraqta tárbiyalawdı, ata-analar menen birgelikti bunnan keyin rawajlandırıw jolların izlep tabıw shańaraqtagı tárbiyanın sociyallıq tárbiya menen baylanısın bekkemlew mektepke shekemgi tárbiya mekemeleri xızmetkerleri pedagogikalıq faktorlar, bul taraw ilimiy is alıp bariwshı izertlewshiler hám metodistlerdıń ahmiyetli wazıypası bolıp sanaladı.

Balalardı tárbiyalawda mámleket áhmietindegi wazipası. Onıń tuwri sheshiliwi tárbiya isinın qoyilıwınına kompleksli túrde jandasiwǵa tárbiyalıq mekemelerdıń shańaraq hám jamiyechiliktiń tolıq óz-ara tásiri hám háreketleriniń birligine baylanıslı.

Mektepke shekemgi jastagı balanın mekteb tálimine otiwi hámishe onın ómiri, minez-xulqı, qızıgiwı hám múnásebetlerinde sonday ózgeriwlerdi júzege shıǵaradı. Sonıń ushın balanı baqshada kezinde yaki úyde kezinde mektep tálimine tayarlaw, onı onsha qıyın bolmaǵan bilim, túsinik, kónlikpe hám tájireybeler menen tanıstırıw lazim.

Mektepke shekemgi bolġan tálim mekemelerinde tárbiyashılar tárepinen otkerilip atırġan  mashgulatlar processinde balalarda emin-erkin pikirlew kónlikpe hám tajireybeleri payda etedi, tárbiyashınıń sózin tınlaw, doslar menen sóylespew, hár bir tárbiyashı tárepinen berilgen sorawlarġa juwap beriwge háreket qıliwi, tárbiyashı tárepinen aytılġan pikirlerdi takirarlawġa úyretip barıladı. Hár bir jas toparlarda qansha shınıgu ótkeriw balalar baqshası tálim-tárbiya dastúrinde belgilenib qoyılġan.

Tárbiyashı shiniġiwlar waqtında jańa pedagogikalıq texnologiya materiallarınan hám tárbiyanın nátiyjeli metod hám usıllarınan paydalana otırıp, balanı jas, riwhıy-fiziologialıq ózgesheliklerin esapqa alınsa tárbiya beriwdıń nátiyjeliligi asadı.

Tárbiyashı hár bir balanın imkaniyatların anıqlap alıwı kerek, balalar ózi jasap atırġan jámiyetke múnásiybetine qarap bir neshe toparlarġa bólinedi:

1-topar: Unamlı minez-xulıqli balalar bolıp, olar tez doslasadı. Olardı jámáát aġzaları húrmet qıladı. Bul túrdegi balalar jámáátin belsendileri bolıp, tárbiyashı jámáát múnásiybetlerin ornatiwda olarġa suyenedi.

1- topar: Aktiv háreketke qosıladı, biraq turaqsız boladı.

2- topar: tartınshaq bolıp qatnaspaydi, mashgulatlarda passiv boladı. Bunday balalarġa ayrıqsha itibar zárúr.

Tárbiyashı hár bir griwppa balaları menen individual jandasıp olardı bir-biri menen óz-ara múnásiybetine kirisip, doslasiwġa járdem beredi.

Balalar baqshasının tiykargı pedagogikalıq wazıypa sı – balalardı joqarı ádep-ikram riwhinda tárbiyalaw hám olardı mektepte okiwġa hár tárepleme tayarlawda ata-analarġa muntazam ráwishte járdem kórsetiwden ibarat:

Mektepke shekemgi tárbiya bólimleri xizmetkeleriniń eń birinshi wazıypası – balalar baqshası tárbiyalanıwshılarının ata-anaları hám shańaraġınıń basqa aġzaları sanasında bala tárbiyasında shańaraq birinshi dárejeli áhmiyetke iye ekenligi hám hár bir shańaraq balalarının aktivlesiwinde shańaraq tárepten hám

sociyallıq tárbiyanın birligine erisillgende ǵana kútilgen nátiyjege alıp keliwine shuqır isenim oyatadi. Balalar baqshası ata-analarda pedagogikalıq bilimler tiykarın jaratadı. Olarda tárbiya haqqındagı pánge qızıgiw oyatadı. Óz bilimlerin hár dayım keńeyttiriw istegini hám oǵan umtılıw sezimin oyatadi. Keyinshelik bolsa mektep pedagogikakiq uliwma tálimine kirisip ketiw seztmin oyatadi.

Mektepke shekemgi tárbiya orılarında tálim-tárbiyanı hár tárepleme, atap aycaq riwhıy, aqlıy, estetik, fizikalıq hám miynet tárbiyaları birgelikte alıp barılıp bala mektepge shıgarıladı. Bala baqshada alǵan bilimlerin mektepte dawam ettiriwge sonda ǵana qıynalmaydı.

Aqıl keń mániste seziw, qabıletiwen baslanatuǵın oylaw hám qiyaldi óz ishine alatugın process.

Balalardı mektepke tayarlawda aqlıy tárbiyanın ornı úlken. Bilimler zaxirasın keńeytiriw, aqlıy belsenelikti hám górezsiz bolıwdı rawajlandıriw, mektepte jaqsı oqıw, keyingi miynet iskerliginde tayarlawdın áhmiyetli shártidir.

Bala 6-7 jastan mektepke ótiwi olardı mektep tálimine tayarlaw ushın aqlıy rawajlandıriw jeterli bolıwın táminlew tárbiyashıdan úlken jiwapkershilikti talab etedi.

Mektepke shekemgi tálim jasında bilim tez rawjlanıp baradı. Sólew tili qáliplesedi, biliw processleri jetilisedi, bala eń ápiwayı aqlıy iskerlik usulların iyelep baradı. Balalarda aqlıy iskerlikti dáslep qatnas arqalı, soń shınıǵular, biliw beriw arqalı ámelge asırıladı.

Jan átirap, buyım hám nárseler balanın sezgi orǵanlarına yaǵnıy analizatorlarına tásir etedi hám sezgi payda boladı. Sezgi balalarda ayrım bóleklerdi bilip alıwǵa járdem beredi. Sezgi atirap-muxitni biliwdıń dástlebki basqıshı esaplanadı.

Balalardıń bilimlerdi iyelep alıwları olardı aqlıy iskerligin rawajlandıriw aqlıy tájireybe hám kónlikpe iyelep alıwları, olardın mektepte jaqsı oqıwları ushın bolajaq miynet iskerligine tayarlanıwda derek bolıp xizmet qıladı.

Mektepke shekemgi jastagı balalardı aqlıy tárbiyalawdın tiykargı wazıypaları tómendegilerden ibarat:

1. Balalarda tabiyat hám jámiyet tiwrısındagı bilimler sistemasın, ilimiy duniyaqarasın qáliplestiriw.

2 Bilimge muwapıq riwhıy processlerdi rawajlandırıw: sezgi, qabıl etiw, este saqlaw, qiyal, oylaw, sóylew. Biliwge tiyisli riwhıy processlerdi rawajlandıriw aqlıy tárbiyanın eń kerekli wazıypası.

3. Biliwge qızıǵiw hám aqlıy qábilietlerin miynet madeniyatın rawajlandırıw. Aqlıy tárbiyanın wazıypası balalar qızıgiwshilardı, yaǵnıy qızıgiwvshanlıgın olar aqlının sinchkovligini rawajlandıriw hám solar tiykarında biliwge qızıgiwshiliǵin payda etiwden ibarat.

4. Aqlıy tájiriybe hám kónlikpelerdi rawajlandıriw, yaǵnıy en ápiwayı iskerlik usulları predmetlerin tekseriw olardagı eń kerekli hám kerekli bolmaǵan belgilerdi ajıratıp korsetiw basqa predmetler menen salıstıriw mektepke shekem tárbiya jasındagı balalarǵa aqlıy tárbiya beriw wazıypalarınıń biridir. Bul kónlikpe hám tájriybeler biliw iskerlikiniń quramlı bólekleri bolıp, balanın bilimlerin shuqır iyelep alıwǵa járdem beredi. Eń keregi sonda, balalarǵa bilim berip ǵana qoymay, olardıń alǵan bilimlerinen aqlıy hám ámeliy wazıypa ların sheshiwge paydalanıwǵa úyretiw lazim.

Shańaraqta tárbiyani hár tárepleme, fizikalıq hám miynet tárbiyasın birgelikte alıp bariw jaqsı payda beredi. Máselen: mafkuraviy tárbiyanı balaǵa ótmishimizde watan rawajı, el-jurt tınıshlıgı, hám abadanlıgı jolında gúresken xalıq qahramanları haqqında aytıp beriw, mámleketimizdıń rámziy belgileri menen tanıstırıw, gárezsizllik, watan haqqındaǵı qosıqlardı yad aldıriw arqalı singdırıw múmkin. Sonınday perzentlerimizde Watandi qorgawǵa hár dayım tayarlıq tuyǵusın qáliplestiriwden ibarat.

MSHBSHniń shańaraq penen islew diziminde anıq maqset, mazmun bolıwı kerek. MSHBSHniń ata-analar menen islewden jámáát tárizde hám jeke halda islew formaların sheberlik penen qosıp alıp bariw, keń xalıq arasında

pedagogikalıq izertlew jumısların shólkemlestiriw arqalı balalardı tárbiyalawda unamlı nátijelerge erisiw múmkin. Balalar baqshası xızmetkerlerinen ata-analar hám shańaraq menen birgeliktegi jumıslarınan eng keń tarqalǵan forması hám usulların keltiremiz.

- Ata-ana hám shańaraq menen jeke islew. Bunda shańaraqqa tárbiyashının bariwı, ata-analar ushın sawbet ótkeriw, olarǵa maslahat beriw, ata-analarǵa balanın MSHBSHdegi omiri menen tanıstırıw sıyaqlılar kiredi.

- Ata-analar menen jámáát tarizde shólkemlestirilgen isler. Bular ata-analardın gruppalıq hám uliwmalıq májlisleri, ata-analar mektebi, anjumanlar, sheńbilikler h.t.b.

- Kórsetpeli isler – istin bul túri: kórgizbeler uyıstırıw, balalarnın jumısların kórsetiw, ashıq esikler kúni, ata-analar múyeshi, ata-analar ushın kitapxanalar shólkemlestiriw.

- Balanın shanaragı barıp kóriw hám shańaraq agzaları menen jaqından tanısiw.

- Ata-analar pedagogik tálim beriw hám basqalardı kórsetiw múmkin.

## *Bap boyınsha juwmaqlar*

Juwmaqlastırıp aytqanımızda, joqarida keltirilgen analizlerimizden kórinip turǵaninday, balanıń mektep turmısına beyimlesiwinde alıp barılatuǵın jumıslar haqqında tárbiyashılardıń pikrleriniń analizi sonı kórsetedi, ata-ananıń, tárbiyashı, psixolog birge islesiw arqalı balanı mektep turmısına beyimlestiriw múmkin eken.

Mektepke shekemgi balalar háreketiniń waqıt strukturasında emociyalardıń tutqan ornı áste aqırın ózgerip baradı, dáslepki basqıshlarda sezimler erisilgen nátiyjeniń emocional bahası sıpatında júzege kelse, qeyingi basqıshlarda háreket etiwde aldınan emocional sezim túrinde payda boladı.

Mektepke shekemgi balalarda jámiyetlik jasaw talapları yaǵnıy paydalı islerdi bejeriw yamasa bejermew sezimleri payda boladı. Balada ózine bolǵan isenim 4-5 jaslarında payda boladı. Balanıń bul dáwirinde alǵan bilimleri, tárbiyası, qóniqpeleri tárbiyashınıń bergen tájiriybeleri tiykarında balada sana-sezimi rawajlana baslaydı. Bul dáwirde balalar úlkenlerdıń qoyǵan talapların túsinedi, ózine kerekli táreplerin ózlestire aladı. Balada uyalıw, maqtanıw sezimleri oyanadı. Bala ata-anası, apa-aǵaları, tárbiyashıları menen maqtanıwı múmkin. 4-5 jaslı bala ózin hár tárepleme kórsetip maqtanǵısı keledi, máselen tez juwıra alıw, sulıw bolıp súwretke túsiw hám taǵı basqa. Mektepke shekemgi balalar dáwiriniń sońına kelip balanıń sana sezimi jánede artıp, sezimleri quramalasa baslaydı.

Baqshada balalardı hár qıylı oyınlar oynawǵa úyretiw , balanı shaqqan, ziyrek, aqıllı bolıp ósiwine alıp keledi. Bala úlkenlerge qaraǵanda kóbirek emociyalardı basınan qeshiredi. Jaǵdayǵa baylanıslı balada paydalı hám zıyanlı sezimler payda boladı. Paydalı emociyalarǵa muhabbat, quwanısh jaman emociyalarǵa ashıw, jerkenish hám taǵı basqa. Ulıwma alǵanda balalar ómirindegi jaǵdaylarǵa optimistlik qatnasta boladı. Olar shad, qitaplar oqıw, zawıqlanıw menen mektepke qádem qoyadı. Mektepke psixologiyalıq tayarlıqtıń tiykarǵı komponentlarınan biri emocional tayarlanıp baradı.

MSHBSHniń shańaraq penen islew diziminde anıq maqset, mazmun bolıwı kerek. MSHBSHniń ata-analar menen islewden jámáát tárizde hám jeke halda islew formaların sheberlik penen qosıp alıp bariw, keń xalıq arasında

pedagogikalıq izertlew jumısların shólkemlestiriw arqalı balalardı tárbiyalawda unamlı nátijelerge erisiw múmkin.

# JUWMAQLAW

Juwmaqlastırıp aytqanımızda, balanıń psixikalıq rawajlanıwı onıń ruhiyatina tásir kórsetiqshi ob`ektiv hám sub`ektiv faktorlarga, tiykarınan, ondaǵıózligin anlaw, oz-ózińe beretuǵin bahalar hámde qatnaslardın‘ xarakterine baylanıslı boladı. Bul, dáslep, insan shaxsınıń psixologiyalıq tiykarların qáliplestiriwshi, onıń emocional, intellektual hám sociallıq rawajlanıwına zamin jaratiwshi ontogenezdin‘ dáslepki basqıshlarına tiyisli boladı. Bunda shanaraqtaǵi qatnasiqlar, tiykarınan, ata-analar ortasındaǵıózara qatnaslar, sonday-aq, ata-ana hám perzentler arasında ornatilatuǵin qatnaslardın‘ tabiyati úlken rol` oynaydi.

Demek, shanaraq – bul bala shaxsınıń rawajlanıwniń eń basli faktori bolıp, adamnıń keyingi taǵdiri oǵan keń túrde baylanıslı degen juqmaq shiǵariw mumkin. Birinshi prezidentimiz I.Karimov ózińin «Joqari manawiyat-jenilmes kush» atli kitabinda: «…shańaraq salamat bolsa – jámiyet bekkem boladı, jámiyet bekkem bolsa – mámleket qúdiretli bolatuǵinliǵi hámmemizge ayan bolıwı tábiyiy»[1]- deb keltiredi.

Zamanagoy jamiyet juda kop túrlishe shanaraqlar hámde shanaraq tarbiyasi bar ekenligi menen xaraqterlenedi. Shanaraq munasibetlerin sholkemlestriwdin‘ hár qanday túrinde ata-analar tárepinen balalıqtin rawajlanıw talaplarınıń esapka alinıwı kobirek axmiyetke iye. Tek usi jaǵdayda ǵana shanaraqta jámiyet ornińa iye bolǵan, tolaqanli aǵzasın tárbiyalaw múmkin.

Shanaraq tarbiyasınıń mazmuni júdá túrlishe kóriniske iye bolıwı menen birge onsha «taza» da emes, misali balalar baqshasındaǵısıyaqlı, yaǵnıy ondaǵıbilim beriw dástúri balanıń diqqatin átirapti qorshap turǵan duńyadaǵıtek jaqsi qásiyetlerdi tarbiyalawǵa diqqat awdarilǵanliǵinday. Tárbiyaǵa jantasatuǵin bunday usıli balanıń túrli kóriniske iye bolǵan real duńyaga maslasiw qábilieti tómenlep ketedi, unamsız obrazlarga bolǵan immunitettin qáliplesiwi tormozlanıp qaladı. Bala shanaraqta ayrim jaǵdaylarda túrlishe bolǵan turmislıq jagdaylardın ‘ unamsız mazmunǵa iye bolǵan waqiyalardın ‘ guwasına aynaladı. Usi kóz-qaras

---

[1] И.Каримов. Жокары манауият-женилмес куш. Т.: 2008. 28 б.

waqiyalardın‘ guwasına aynaladı. Usi kóz-qaras boyınsha shańaraqta iyelengen sociallıq tájiriybe haqiyqatlıqqa júdá jaqinliǵi menen ajralıp turadi.

Usi mashqalani eksperemental túrde uyreniw ata-analardın‘ balalarına bolǵan munásibetleriniń kóbirek konstruktivlikke iye bolǵan mektepke shekemgi jastaǵi balalar emocionallıq sferasınıń qáliplesiwine járdem beredi degen izertlew gipotezasın tastiyqlaydı.

Birinshiden, tekseriw ótkerilgen ata-analardın‘ kópshiligi psixologiyalıq tárepten ata-analıq múnásibetiniń optimal bolmaǵan – simbioz usılinda tárbiya beriwshiler ekenligi menen xarakterlenedi. Bul túrdegi ata-analar shańaraqta gipersociallıq avtoritar hámde «kishkene awmeciz» xulıqqa iye. Ózara baylanıstin eń qolaylı usıli bolǵan kooperaciya stili – eń kem jaǵdaylarda dizimge alınǵan.

Ekinshiden ata-analar óz perzentleri menen múnásibetlerin kooperaciya pricipleri boyınsha ornatqan shańaraqta tarbiyalanǵan balalar adamlarǵa hámde orinǵa iye shaxslarǵa jaqsiraq múnásibette bolıwı, kóbirek qizigiwshilıq bildırıwi menen xarakterlenedi. Bunday balalar basqa tiptegi ata-analar menen múnásibetler ornatilǵan óz tenqurlarına qaraǵanda óziń erkin tuta aladı. Birinshi toparda atap kórsetilgen balalardıń sociallıq adekvatliligi, óz-óziń bahalaw adekvatligi hámde belsendiligi dárejesi joqariraq boladı. Bunday balalar da egocentirizm hámde agresivlik dárejesi birqansha tómen bolıwı anıqlanǵan.

Bizin tárepimizden ótkerilgen korrekciyalıq dástur ózińin nátiyjeli ekenligin kórsetti. Arnawlı treningler ótkerilgen ata-analar, bunday shiniǵiwlar ótkerilgen ata-analarga salistirilǵanda óz perzentlerine jaqsiraq múnásibette ekenligin kórsetti. Bul óz náwbetinde, ata analarıı menen jaqsi baylanısta bolǵan balalardıń emocional rawajlanıwna dárejesin arttiradi.

Ulıwma joqarıda aytılǵanlardı juwmaqlastırıp aytqanımızda, bala tarbiyasında, onıń shaxs bolıp qáliplesiwinde hám mektepke barıwında balanıń emocional jaǵdayı úlken áhmiyetke iye. Balanıń emocional jaǵdayı unamlı túrde bolsa, onıń qabıl etiwi jaqsi boladı, eger emocional jaǵdayı tómen bolsa, biz balanıń keypiyatin kóterip, onıń ruwxiyatina tásir etetuǵin jaqsi qatnasti tańlap, balanıń rawajlanıwına jaqsi tásir tiygiziwimiz kerek.

## PAYDALANILǴAN ÁDEBİYaTLAR:


1. Karimov İ.A. Barkamol avlod orzusi. T.: Sharq, 1999.

2. Karimov İ.A. Barkamol avlod Ózbekiston taraqqiyotining poydevori. T.: Sharq, 1997.

3. Karimov İ.A. Joqari mánawiyat – jeńilmes kúsh. «Mánaviyat». 2008.

4. Sh.M.Mirziyoyev "Buyuk kelajagimizni mard va oliyjanob xalqimiz bilan birga quramiz". T.:-20017y

5. Sh.M.Mirziyoyev "Erkin va farovon demokratik O'zbekiston davlatini birgalikda barpo etamiz". T.:-2016y

6. Sh.M.Mirziyoyev "Qonun ustunvorligi va inson manfaatlarını ta'minlash-yurt taraqqiyoti va xalq farovoligini garovi" T.:-2016 y.

7.O'zbekiston Respublikasını yanada rivojlantirish bo'yicha xarakatlar strategiyasi. O'zbekiston Respublikasi Prezidentining farmoni. O'zbekiston Respublikasi qonun hujjatları to'plami. 2017y. 6-son, 70-modda.

8. Mirziyoyev Sh.M. "2017-2021 - yillarda maktabgacha ta'lim tizimini yanada takomillashtirish chora-tadbirları to'g'risida"gi Qarori. T.:-2016 y. 29-dekabr.

9. Yusupova.P. Maktabgacha tarbiya pedagogikasi. T.1993y.

10. Ilk qadam. Oqıw baǵdarlaması. T.2018y.

8. Maktabgacha talim koncepciyasi. T-2019

9. Q.Tleumbetova. Balalar psixologiyası hám psixodiagnostikası. Nókis-2019.

10 Sh.Sodiqova. Maktabgacha tarbiya pedagogikasi. T.2010y.

11. R.İ.Sunnatova. K.D.Tleumbetova. Psixolog sandıqshası. N.2011j

12. M.P.Xamidova, M.İ.Ayupova. Maktabgacha tarbiya maxsus metodikasi. T. 2009y.

13. Nishonova Z.T. Bolalar psixodiagnostikasi. Toshkent.1998.

14. Nishanova Z.T. Bolalar psixologiyasi va uni o'qitish metodikasi. T. 2008y.

15. Ziyamuxamedova va boshq. Pedagogika. T-2001.

16. O Hasanboeva va boshq. Tarbiyaviy ishlar metodikasi. T. 2011

17. M.G.Davlechin, M.A.Abdullajonova. Pisxologiyadan izoxli luǵat. F. 2006.

18. İ.T.Aliev. Pedagogika va psixologiya. T.2012

19. J.Xasanboev. X.Turaqulov va boshq. Pedagogika. T. 2011

20. Úzliksiz bilimlendırıw barısında ruwxıylıq hám aǵartıwshılıq máseleleri. İlimiy konferenciya materialları. Nókis. 2000.

21. Н.Каюмова. Мактабгача педагогика. Т.-2013 й.

22. О.Хасанбоева. Оила педагогикаси. Т.-2013 й.

23. K.Abdullaeva. Savodga órgatish. T.Óqituvchi,2000y.

24. X.Axmedov. Boǵcha bolalarıni savodga órgatish.

25. X.Axmedov. Boǵchalarning tayerlov guruxlarıda savod órgatish tablicaları.

22. R.Mavlonova va boshk. Pedagogika. T-2000.

23. Ziyamuxamedova va boshq. Pedagogika. T-2001.

24. A.Atoev. Farzandin ‘giz barkomol bulsin.T-2000

25. Vıgotskiy L.S. Pedagogicheskaya psixologiya / Pod.red.V.V.Davıdova. – M.: Pedagogika,1991.

26.Voxidov. M.V."Psixologiya" T. 1981 yil.

27. Davlechin. M.G."Zamonaviy maktab o’qituvchisining psixologiyasi". T. 1999 yil.

**İnternet maǵlıwmatları**

33. http //doctor. Ru/psycho/ psychelf.html

34. http //www. amitel.ru/- hvp/body. html

35. www.library.com. İnterner kutubxona

36. www. Expert. psychology.ru